**O’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**
**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI**

**Geografiya kafedrası**

**Ta’biyattanıw ha'm geografiya fakulteti «Jer du’ziw h’a’m jer kadastrı» qa’nigeliginin’ IV-kurs studenti SEYTMURATOVA GULZARDIN’**

# PİTKERİW QA’NİYGELİK JUMISI

**Tema: «Guzar-buxara-no’kis-beynew» avtomobil jolinin’ 581-596 km aralig’inda qayta on’law ha’m jol qurilisina topiraq ha’m qum kareri ushin jer maydanin ajiratiw joybari**

Jaqlawg’a jiberildi ____________________ «____»________ 2012 j.

Ilimiy basshı ________ dots.G.Xodjaeva

Kafedra baslıg’ı: _____________ dots. G.A.Xodjaeva

**NO’KİS – 2012**

**МАЗМУНЫ**

| | | |
|---|---|---|
| | PITKERIW QA’NIGELIK JUMISINA TAPSIRMA | |
| | PITKERIW QA’NIGELIK JUMISININ’ BAG’DARLAMASI | |
| | **KİRİSİW** | |
| **I BAP** | **XOJALIQTIN’ TA’BİYİY, SOTsİALLIQ HA’M EKONOMİKALIQ ShARAYaTLARI KLASSİFİKATsİYaSI** | |
| **I.1.** | **Massiv h’aqqında ulıwma mag’lıwmat** | |
| **I.2.** | **Massivtin' ta’biiy sharayatlarının’ klassifikatsiyası** | |
| **I.3.** | Massivtin’ sotsiallıq sharayatlarının’ klassifikatsiyası | |
| **I.4.** | **Massivtin’ jer fondı h’a’m onnan paydalaniw** | |
| **I.5.** | **Massiv fermer xojalıqlarının’ ekonomikalıq sharayatları klassifikatsiyası** | |
| **II BAP** | **AVTOMAGİSTRAL JOLLARDI QAYTA ON’LAW HA’M JOL QURILISINA TOPIRAQ HA’M QUM KARERİ UShIN JER AJIRATIW JOYBARI** | |
| **II.1.** | Avtomagistral jollardı qayta on’law h’a’m jol qurılısına topıraq h’a’m qum kareri ushın ajıratılıp atırg’an jerdin’ salıstırma maydanı h’a’m jaylasqan ornın anıqlaw | |
| **II.2.** | Avtomobil jollardı qayta on’law h’a’m jol qurılısına topıraq h’a’m qum kareri ushın jer maydanın tan’law | |
| **II.3.** | Yuridikalıq h’u’jjetlerdi ra’smiylestiriw | |
| **III BAP** | **JOYBARDI EKONOMİKALIQ HA’M EKOLOGİYaLIQ TİYKARLAW** | |
| **III.1.** | **Avtomobil jollardı qayta on’law h’a’m jol qurılısına topıraq h’a’m qum kareri ushın jer ajıratıwda ko’riletug’ın zıyanlar mug’darın anıqlaw** | |
| **III.2.** | Joybardı ekologiyalıq tiykarlaw | |
| | **JUWMAQLAW** | |
| | **O’mir qa’wipsizligi** | |
| | **PAYDALANILG’AN A’DEBİYaTLAR** | |


**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**Geografiya kafedrası**

«Jaqlawg’a jiberildi»
Geografiya kafedrası baslıg’ı

_______________ dots. G.A.Xodjaeva.
«_____»_______2012j.

«Jer du’ziw h’a’m jer kadastrı» bilim bag’darı studenti Seytmuratova Gulzardın’ **«GUZAR-BUXARA-NO’KIS-BEYNEW»** AVTOMOBİL JOLININ’ 581-596 KM ARALIG’INDA QAYTA ON’LAW HA’M JOL QURILISINA TOPIRAQ HA’M QUM KARERİ UShIN JER MAYDANIN AJIRATIW JOYBARI atamasındag’ı

***PİTKERİW QA’NİYGELİK JUMISI***
***bag’darlaması***

Orınlawshı «Jer du’ziw h’a’m jer kadastrı» ta’lim bag’darı 4–kurs studenti Seytmuratova G.

İlimiy basshı dots. G.A.Xodjaeva

No’kis – 2012 jıl.

**K I R I S I W**

Jerdi asırap abaylaw, onnan aqılg'a muwapıq paydalanıw h'a'r bir shaxstın' wazıypası esaplanadı. Jer maydanlarına ma'mleket ta'repinen iyelik etiw, paydalanıw, mu'lk h'a'mde ijara h'uquqları tiykarında paydalanıw maqsetlerinde yuridikalıq, fizikalıq shaxslarg'a h'a'm puqaralarg'a beriledi.

Jer maydanlarınan aqılg'a muwapıq paydalanıw ken' kompleksli mashqala bolıp, ol xalıq xojalıg'ı o'ndirisin sho'lkemlestiriwdin' ba'rshe tarawların o'z ishine aladı. Bul mashqalanı tuwrı sheshiw, en' birinshi gezekte jer maydanların h'a'r ta'repleme u'yreniw, jer maydanlarınan paydalanıwdın' jag'dayın analiz qılıw ushın za'ru'r bolatug'ın ko'rsetkishler sisteması anıqlaw h'a'm sol tiykarda jer resurslarınan paydalanıwdın' jag'dayına bah'a beriw h'a'mde keleshektegi na'tiyjeli jolların belgilewden ibarat. Bul o'z na'wbetinde jerlerden na'tiyjeli paydalanıwdı sho'lkemlestiriwge bag'darlang'an ma'mlekettin' tiykarg'ı ila'jlarınan biri esaplang'an jer kadastrına bolg'an talabtı tu'pten o'zgertiredi.

Keyingi jıllarda O'zbekstan Respublikasında qabıl qılıng'an nızamlar, Prezident parmanları h'a'm qararlar jer mu'na'sibetlerin rawajlandırıw h'a'm jerlerdin' meliorativlik jag'dayın jaqsılawg'a qaratılg'an bolıp, jerden paydalanıwshılar h'a'm jer iyelerinin' h'uquqların, olarg'a berilgen jerlerden maqsetli h'a'm aqılg'a muwapıq paydalanıwdı ta'miyenlep kelmekte.

«Transport-komunikatsiya tarmaqlarının' insan denesin qan menen ta'miyinleytug'ın o'mir bag'ıshlawshı tamırlarg'a uqsatılıwı tegin emes» dep atap ko'rsetken edi Prezidentimiz o'zinin' 2012-jıl 19 yanvarda shıg'ı so'ylegen «2012-jıl Watanımızdın' rawajlanıwın jan'a basqıshqa ko'teretug'ın jıl boladı» atlı bayanatında. 2012-jılda 517 km avtomobil jolları, eki transport tu'yini, 544 pogon-metr ko'pir h'a'm jol o'tkellerin qurıw ja'ne rekonstruktsiyalaw mo'lsherlenbekte.[1]

Jer kodeksinin' 15-ba'ndine muwapıq, ma'mleketlik jer kadastrı jerlerdin' ta'biyiy, xojalıq h'a'm h'uquqıy ta'rtibi h'aqqındag'ı, olardın' kategoriyaları, sapalıq ko'rsetkishleri h'a'm bah'ası h'aqqındag'ı jer uchastkalarınıg' jaylasqan ornı h'a'm o'lshemleri h'aqqındag'ı, jerlerdi jer uchastkaları, jer iyelerine h'a'm jerden paydalanıwshılarg'a bo'listiriw h'aqqındag'ı za'ru'r, isenimli mag'lıwmatlar h'a'm h'u'jjetler sistemasınan ibarat.

---

[1] «2012-jıl Watanımızdın' rawajlanıwın jan'a basqıshqa ko'teretug'ın jıl boladı», Erkin Qaraqalpaqstan, 21-yanvar, 9-10 sanı.

Jer kadastrı mag'lıwmatları tiykarınan xojalıqlardag'ı  jer h'a'm basqa o'ndiris qurallarınan aqılg'a muwapıq paydalanıwdı sho'lkemlestiriwde, a'sirese, h'u'kimet qararları h'a'm pa'rmanlarında belgilengen ilajlardı a'melge asırıwda a'h'miyetli esaplanadı. Sol ko'z qarastanda pitkeriw jumısı ushın tan'lang'an tema o'zinin' a'h'miyetliligi menen ajıralıp turadı.

Pitkeriw qa'nigelik jumısının' tiykarg'ı maqseti «Guzar-Buxara-No'kis-Beynew» avtomagistralin qayta on'law ha'm jol qurilisına topıraq h'a'm qum kareri ushin jer ajiratiw joybarin orınlaw h'a'm jer esabın ju'rgiziwdi, sonın' menen birge onı ekonomikalıq h'a'm ekologiyalıq tiykarlawdan ibarat.

Pitkeriw qa'nigelik jumısın orınlawda to'mendegi wazıypalar belgilengen:

- Pitkeriw qa'nigelik jumısın obekti sıpatında tan'lang'an aymaqtın' ta'biyiy h'a'm ekonomikalıq sharayatları, jerden paydalanıw jag'dayların u'yreniw h'a'm analizlew;

- avtomagistral jollardi qayta on'law ha'm  jol qurilisina topıraq h'a'm qum kareri ushın jer maydanın ajiratiw joybari jobasın islew;

- avtomagistral jollardı qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın ajıratılıp atırg'an jer maydanının' salıstırma maydanı h'a'm jaylasqan ornın anıqlaw;

- avtomobil jollardı qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın jer maydanın tan'law;

- yuridikalıq h'u'jjetlerdi ra'smiylestiriw

- joybardı ekonomikalıq h'a'm ekologiyalıq tiykarlaw;

- avtomobil jollardı qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın jer ajıratıwda ko'riletug'ın zıyanlar mug'darın anıqlaw;

- Joybardı ekologiyalıq tiykarlaw.

Pitkeriw qa'nigelik jumısın orınlaw ushın Qaraqalpaqstan Respublikası To'rtku'l rayonı aymag'ı arqali o'tkerilgen «Guzar-Buxara-No'kis-Beynew» avtomagistrali obekt sıpatında tan'landı.

Pitkeriw qa'nigelik jumısın orınlawda o'ndiris h'a'm pitkeriw aldı praktikası waqtında toplang'an material h'a'm mag'lıwmatlardan, sonın' menen birgelikte normativ h'u'jjetlerden, sol tarawg'a tiyisli arnawlı a'debiyatlardan paydalanıldı.

# I-BAP. XOJALIQTIN’ TA’BİİY, SOTsİALLIQ HA’M EKONOMİKALIQ ShARAYaTLARI KLASSİFİKATsİYaSI

## 1.1. Massiv h’aqqında ulıwma mag’lıwmat

To’rtku’l rayonı Qaraqalpaqstan Respublikasının’ orayının’ qubla-shıg’ısında jaylasqan. Rayonnın’ ulıwma maydanı 748269 ga sonnan 31719 ga suwg’arılatug’ın su’rim jerler. Paxtanın’ son’g’ı 3 jıldag’ı o’nimdarlıg’ın alıp qaraytug’ın bolsaq, 2008-2011-jılı rayon boyınsha ulıwma paxta maydanı 12 600 gektar maydang’a egilgen h’a’m ortasha bir gektardan 20,2 tsentner paxta o’nimi alıng’an. Usı jılı biyday o’nimdarlıg’ı rayon boyınsha ortasha bir gektarg’a 45,9 ts/ga biyday o’nimi alıng’an.

2011-jılı paxta o’nimdarlıg’ı rayon boyınsha ortasha 21,2 ts/ga. Biyday o’nimdarlıg’ı 2011-jılı 4751 gektarg’a egilgen h’a’m ortasha 52,9 ts/ga biyday o’nimi alıng’an.

Paxta o’nimdarlıg’ı 2011-jılı rayon boyınsha ortasha 21,2 ts/ga bolıp, 12400 gektarg’a paxta egilgen, biydaydan bolsa ortasha 52,9 ts/ga o’nim alıng’an. Rayonnın’ suw menen ta’miyinleniwi ma’deniy zonada ortasha sho’l zonasında pa’s da’rejede. Jerler A’miwda’rya suwı menen suwg’arıladı.

Rayon xojalıqları jerleri a’yyemgi A’miwda’rya Aqshada’rya deltasında jaylasqan o’zine say mikro ba’lentler h’a’m pa’slik ken’ tegisliklerden ibarat bolıp da’rya ta’repke qarap pa’seyip baradı.

## 1. 2. Massivtin' ta’biiy sharayatlarının’ klassifikatsiyası

**Klimatı.** Bul jerdin’ klimatı keskin kontinental h’a’m qurg’aq, sebebi onın’ aymaqları materiktin’ ishinde h’a’m de okeanlardan ju’da’ uzaq. Keskin kontinental klimatı sutkalıq, aylıq da’wirdi h’a’m jıllıq h’awa temperaturası menen xarakterli, qurg’aqlılıg’ı bolsa jawın-shashınnın’ kemshiliginen.

Jazı ıssı qurg’aq, en’ ıssı ayı iyul rayon boyınsha ortasha temperatura +14,$0^0$ s maksimal temperatura +40,$0^0$ s qısı suwıq en’ suwıq ay yanvar, ortasha temperatura -10,2-11,$2^0$ s.

To’rtku’l rayonında temperatura mug’darı 300 ku’ndi quraydı. U’yrenilgen rayon xojalıqlarının’ aymaqlarındag’ı jaqsı temperaturanın’ mug’darı 4000nan 4400 gradusqa shekem.

Qısqı sharayatları Qaraqalpaqstan Respblikasının' arqa h'a'm shıg'ıs aymaqlarına salıstırg'anda biraz jumsaq effektiv temperatura mug'darı 2520$^0$S. Bul paxtashılıq h'a'm sharwashılıq ushın qolay imkaniyatlar jaratadı. Ig'allanıw xarakteri boyınsha rayon aymaqları qurg'aqshılıq penen xarakterlenedi. Jawın mug'darın salıstırg'anda kem. Ortasha jıllıq jawın-shashınnın' mug'darı 90-110 mm. Jawın-shashın tiykarınan ba'h'a'r h'a'm qıs ma'wsiminde baqlanadı. Jazda jawın kem boladı. Jawınlar mug'darı ma'deniy o'simlikler talabın qandırmaydı. Qar qatlamı qalın'lıg'ı ju'da' kem. Jıldın' ko'p bo'limi arqa-shıg'ıs samallar ta'sirinde bolg'anlıg'ı baqlanadı. Samaldın' maksimal tezligi 26 m/sek h'a'm onnan ko'birek.

**Rel'efi.** Relef formaları jumsaq tegislikten ibarat bolıp,to'mennen ba'lentliklerge qarap sezilerli da'rejede o'zgerip baradı. Mikrorelef tu'rli formada suwg'arılatug'ın jerlerde ol kese sıyaqlı h'a'm to'belerden du'zilgen. Boz jerler ushında tolqın sıyaqlı relf xarakterli.

Gruntlar, allyuvial jatqızıqlardan payda bolıp, olar gorizontal h'a'm vertikal ta'repten tarqatılıwı menen ajıralıp turadı.

İzey suwlardın' h'a'm relef sharayatlarının' o'z-ara baylanıslılıg'ı to'mendegishe ba'lentliklerde tiykarınan jen'il,orta h'a'm awır qumlıqlardan tu'rlengen bolıp olardın' to'mengi bo'liminde qumlar jaylasqan,pa'sliklerde bolsa a'dette qatlamı ılaylı h'a'm qumlıqlı jatqızıqlar tarqalg'an. Pa'sliklerdin' topıraq astı h'a'm gruntları a'dette tıg'ızlang'an joqarı da'rejede ıg'allang'an h'a'm shorlang'an jaman shıtıladı. Suwg'arılatug'ın 25-30 sm shuqırlıqta tıg'ızlang'an qatlam ushırap,olardı a'dette G'plug astı qatlamıG' dep ataladı. Ol topıraqlardın' suw h'awa rejimin jamanlastıradı. Topıraqtın' tamırları tarqalg'an qatlamında duz toplanıwına imkanyat jaratadı.

Gruntlardın' du'zilisi h'a'm relefi formalarının' h'a'r qıylı bolıwı rayon xojalıqlarında gidrogiologik sharayatlardı o'zine sa'ykes du'zilisin belgileydi. İzey suwlardın' tu'rleniwi negizinen A'miwda'rya- Aqchada'rya-lardın' allyuvial jatqızıqlarınan h'a'm deltanın' joqarı bo'limindegi irrigatsion suwlardın'

filtratsiyası na'tiyjesinde payda boladı. Atmosfera jawınları izey suwlardın' tu'rleniwine a'melde ta'sir ko'rsetpeydi. İzey suwlarının' shuqırlıg'ı a'dette 1,5 m bolıp, ayırım orınlarda bolsa, 0,5-1,2 m. Shayıp suwg'arıw h'a'm vegetatsiyalıq suwg'arıw jumısların alıp barıw da'wirinde izey suwlardın' qa'ddi 0,4-0,6 m ge shekem ko'teriledi. İzey suwlardın' jaqın jaylasıwı olardın' mineralizatsiya da'rejesin asırıwg'a tiykar bolmaqta. Puwlanıw na'tiyjesinde shorlanıw protsesi ku'sheyedi h'a'm sonın' sebebinen izey suwlardın' mineralizatsiyası ja'nede ku'sheyedi.

**Topıraqları.** Rayon aymaqları tiykarınan sho'l zonada jaylasqan. Bul jerde topıraq payda etiwshi protsess ju'da' ıssı h'a'm qurg'aq klimatı ta'sirinde keshedi. Baqlang'an ta'biyiy sharayatlar suwg'arılatug'ın jerlerden otlaqlı gidromorf h'a'm shor topıraqların tu'rlendiriwge alıp keledi. Suwg'arılatug'ın topıraqlar ta'sirinde a'yyemnen suwg'arılatug'ın otlaqlı, taqır otlaqlı, h'a'm batpaqlı otlaqlı topıraqlar tipshelerin rawajlandırıwg'a alıp kelgen. Sonday-aq meliorativ ta'repten tayarlang'an h'a'm yarım tıg'ızlang'an qumlı aymaqlarg'a ajıratılg'an. Ha'r bir topıraq tipshelerde suwg'arıw da'wirine ma'deniylesken h'a'm shorlanıw da'rejesine mexanik quramına h'a'm basqa belgilerge qarap topıraqlar toparlarg'a ajıratılg'an.

Sonın' menen bir qatarda, suwg'arılatug'ın ja'ma'a't jerlerin mu'lk sıpatında paydalanıw da'rejesi h'a'm joqarı emes. Sebebi maydanlardın' qayta shorlanıwı baqlanbaqta.

### I.3. Massivtin' sotsiallıq sharayatlarının' klassifikatsiyası

To'rtku'l rayonı aymag'ında elatlı punktler jasaw sisteması bir neshe jıllar dawamında quralg'an. Rayonı aymag'ında xalıqtın' sanı 2011 jıldın' 1 yanvar jag'dayına 185,8 mın' adamdı quradı. Rayonda jasawshılardan 105800 adam jumısqa jaramlı jastag'ılardan ibarat. Tiykarg'ı h'a'mde ja'rdemshi awıllar abadanlastırılg'an, gazlestirilgen h'a'm elektrlestirilgen. Elatlı punktlerde jasawshılardın' tolıq klassifikatsiyası to'mendegi kestede keltirilgen.

1-keste

**Ortasha jıllıq esapta rayonnın' turaqlı xalıq sanı**

| Ko'rsetkishler | 2008 jıl | 2009 jıl | 2010 jıl | 2011 jıl |
|---|---|---|---|---|
| Ortasha jıllıq esapda rayonnın' turaqlı xalqı sanı, ja'mi (mın' kisi) | 172,3 | 175,4 | 183,0 | 185,8 |
| sonnan: | | | | |
| Qala xalqı | 67,7 | 68,6 | 72,1 | 73,1 |
| Awıl xalqı | 104,6 | 106,8 | 110,9 | 112,7 |
| Xalıqtın' ulıwma sanına qarap protsent esabında | | | | |
| Qala xalqı | 39,3 | 39,1 | 39,4 | 39,3 |
| Awıl xalqı | 60,7 | 60,9 | 60,6 | 60,7 |
| Xalıqtın' ulıwma sanınan (mın' kisi) | | | | |
| Erkekler | 86,8 | 88,4 | 92,4 | 93,6 |
| Hayallar | 85,5 | 87 | 90,6 | 92,2 |
| Xalıqtın' ulıwma sanına qarap protsent esabında | | | | |
| Erkekler | 50,4 | 50,4 | 50,5 | 50,4 |
| Hayallar | 49,6 | 49,6 | 49,4 | 49,6 |

Bul awıllar bir biri menen asfalt jolları arqalı baylanısqan bolıp, xalıqtın' turmıs keshiriwi, miynet etiw h'a'm jasawı ushın qolay sharayat jaratılg'an.

## 1. 4. Massivtin' jer fondı h'a'm onnan paydalaniw

2011 jıl 1 yanvar jag'dayında massivke 748269 ga jer maydanı biriktirilgen. Usı er maydanları awıl xojalıq jer tu'rleri, xalıq jasaw orınları, xızmet ko'rsetiw binaları, kanal h'a'm jol tarmaqları arasında bo'listirilgen. Massivtin' jer fondının' jer tu'rleri boyınsha bo'listiriliwin to'mendegi 2-kestede ko'rsek boladı.

Bul kesteden ko'rinip turg'anınday, massivtin' ulıwma maydanının' 80,3 % di awıl xojalıq tu'rlerindegi jer maydanının', 4,23 % tin g'ana egislik jerleri quraydı.

2-keste

**Xojalıq jer tu'rlerinin' quramı**

| T/r | Jer tu'rleri | Maydanı | |
|---|---|---|---|
| | | ga | Ulıwma maydanına salıstırg'anda % esabında |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | Egin jerleri | 31719 | 4,23 |
| | Sonnan: suwg'arılatug'ın | 31719 | 4,23 |
| 2 | Ko'p jıllıq terekzarlar:<br><br>Sonnan: bag'lar<br>Tutzarlar<br>ju'zimzarlar | 771<br><br>289<br>467<br>75 | 0,10<br><br>0,03<br>0,006<br>0,002 |
| 3 | Jaylawlar | 578659 | 76,7 |
| 4 | Boz jerler | 613 | 0, 08 |
| | *Ja'mi awıl xojalıq jerleri* | *606201* | *80,3* |
| 4 | Tamarqa jerler | 5639 | 0,74 |
| 5 | Tog'aylar | 50145 | 6,64 |
| 6 | Da'rya, say h'a'm ko'ller | 19922 | 2,64 |
| 7 | Kanal, kollektorlar, izeykeshler | 7890 | 1,04 |
| 8 | Jol h'a'm soqpaqlar | 3832 | 0,50 |
| 9 | Qurılıslar, ko'she h'a'm maaydanlar | 875 | 0,11 |
| 10 | Basqa jerler | 59583 | 7,9 |
| | Ja'mi | 748269 | 100 |

Massiv aymag'ında 2011 jılda 16 ta fermer xojalıqları (massivlerinen) jumıs alıp barıp atır. Bular tiykarınan paxtashılıq, biyday jetistiriw, ovosh-palız eginleri, pilleshilik h'a'mde bag'darshılıqqa qa'niygelestirilgen. Massivtegi fermer xojalıqları h'aqqında mag'lıwmat to'mendegi 3-kestede keltirilgen.

Bul kesteden ko'rinip turıptı, ja'mi fermer xojalıqlarının' jer maydanı **71234** ga bolıp, sonnan **24788** ga egin jerlerinen ibarat.

Xojalıq aymag'ınan 6036 ga o'zge jerden paydalanıwshılarg'a tiyisli. Bulardın' tiykarg'ıları Bostan kanalı, Bog'-yab kanalı, gerbish zavodı, avtomobil h'a'mde temir jolları. Olardan ayırımları to'mendegi kestede keltirilgen. (4-keste).

**3- keste**

**To'rtku'l rayonındag'ı fermer xojalıqları h'aqqında mag'lıwmat**

| T/r | Fermer xojalıqlarının' atı | Ulıwma maydan, ga | Sonnan | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Egin jerleri | Bag'zarlar | Tutzar-lar | Kanal-lar | Jol-lar | Basqa jerler |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | A. Adakaev massivi | 3164 | 1087 | 21 | 10 | 172 | 52 | 1249 |
| 2 | A. Durdiev massivi | 6439 | 1842 | 29 | 44 | 203 | 78 | 2198 |
| 3 | Asal massivi | 94 | 30 | | | 8 | 1 | 50 |
| 4 | G’alaba massivi | 4487 | 971 | 10 | 21 | 193 | 53 | 1639 |
| 5 | Julim massivi | 4854 | 1230 | | 5 | 375 | 35 | 539 |
| 6 | K.Nurimbetov massivi | 6478 | 2113 | 18 | | 209 | 149 | 1764 |
| 7 | Miskin massivi | 6685 | 1743 | 18 | 41 | 181 | 65 | 3563 |
| 8 | Navrwz massivi | 2580 | 1128 | 2 | | 129 | 10 | 820 |
| 9 | Namuna massivi | 5789 | 1262 | 38 | 48 | 278 | 71 | 1931 |
| 10 | Paxtaobod massivi | 8593 | 1882 | | 2 | 727 | 135 | 1549 |
| 11 | O’zbekstan massivi | 5716 | 1731 | 27 | 36 | 240 | 67 | 2821 |
| 12 | Ullibog’ massivi | 3523 | 1026 | 39 | 59 | 303 | 76 | 609 |
| 13 | Sh. Rashidov massivi | 4258 | 1459 | 24 | 53 | 331 | 59 | 1552 |
| 14 | Shoraxan massivi | 5647 | 1803 | 39 | 43 | 253 | 96 | 2680 |
| 15 | Yu.Qurbanov massivi | 7751 | 2743 | | 1 | 745 | 152 | 3090 |
| 16 | Ya. İlamanov massivi | 9206 | 2738 | 19 | 71 | 273 | 93 | 4224 |
| | | | | | | | | |
| | Ja’mi | 85264 | 24788 | 284 | 434 | 4620 | 1192 | 30278 |

Mag’lıwmatlardan ko’rinip turg’anınday, o’zge jerden paydalanıwshılardın’ iyelep atırg’an jer maydanı ja’mi 6036 ga bolıp, ulıwma xojalıq jer maydanının’ 0,80 % in quraydı. Solardan en’ tiykarg’ıları U’shqudıq-Miskin-Qarataw temir jolları bolıp 1989 ga, Boston kanalı 399 ga dan ibarat.

**4-keste**

**To’rtku’l rayonı aymag’ında jaylasqan o’zge jerden paydalanıwshılar h’aqqında mag’lıwmat**

| T/s | Jerden paydalanıwshılardın’ atı | Ulıwma maydan, ga |
|---|---|---|

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Boston kanalı | 399 |
| 2 | Bog'-yob kanalı | 127 |
| 3 | Kelte-minar kanalı | 218 |
| 3 | Qabriston | 73 |
| 4 | QK vodstroy obektleri | 20 |
| 5 | QQ elektr tarawları basqarması | 18 |
| 6 | Qırıqqız massivindegi jerler | 85 |
| 7 | Qırqqız gerbish zavodı | 20 |
| 8 | Gaz qubırı | 21 |
| 9 | Urgenchtransgaz ka'rxanası | 48 |
| 10 | U'shquduq-Miskin-Qarataw temir jolları | 1989 |
| 11 | O'zbekstan Aziya temir jolları Aral boyı basqarması | 217 |
| 12 | Hawa transport jerleri | 41 |
| 13 | Qala vodoprovodı | 21 |
| 14 | Shoraxan kolledji | 8 |
| 15 | Respublikalıq bas neftebaza | 8 |
| | Ja'mi | **3318** |

## 1.5. Massiv fermer xojalıqlarının' ekonomikalıq sharayatları klassifikatsiyası.

Fermer xojalıqlarının' tiykarg'ı tarawı diyxanshılıq tarawı bolıp, onın' ishinde paxtashılıq jetekshilik qıladı. Keyingi jıllarda da'n jetistiriw, ovosh-palız h'a'm pilleshilikke qa'nigelestirilgen fermer xojalıqları da jaqsı rawajlanbaqta. To'mendegi kestede massiv boyınsha eginler quramı h'a'm maydanları keltirilgen.

Bul kesteden ko'rinip turg'anınday, fermer xojalıqlarında ja'mi da'nli eginler mug'darı 2011 jılı 52,9 ts/ga dı, paxta 21,2 ts/ga dı, kartoshka 65,3 ts/ga dı, ovosh 208,6 ts/ga dı, palız eginleri 113,5 ts/ga dı, miyweler 41,6 ts/ga h'a'mde

**5-keste**

**Awıl xojalıq o'nimlerinin' o'nimdarlıg'ı**

*(barlıq tu'rdegi xojalıqlar boyınsha, ts\ga)*

| Ko’rsetkishler | 2008 jıl | 2009 jıl | 2010 jıl | 2011 jıl | 2011 jıl % 2008 jılg’a salıtır. |
|---|---|---|---|---|---|
| *1* | *2* | *3* | *4* | | |
| Da’nli eginler-ja’mi | 34,4 | 36,1 | 33,0 | 52,9 | 153,7 |
| Paxta | 16,7 | 20,4 | 19,9 | 21,2 | 126,9 |
| Kartoshka | 66,1 | 71,4 | 96,6 | 65,3 | 98,8 |
| Ovosh | 164,0 | 114,3 | 178,9 | 208,6 | 127,2 |
| Palız | 108,0 | 71,8 | 121,7 | 113,5 | 105,1 |
| Miywe | 62,5 | 54,9 | 41,3 | 41,6 | 66,6 |
| Ju’zim | 58,8 | 71,4 | 54,4 | 63,2 | 107,5 |

ju’zim 63,2 ts/ga dı quraydı. Bul eginlerdin’ derlik barlıg’ının’, tek kartoshka h’a’m miywenin’ o’nimdarlılıg’ınan basqa, o’nimdarlılıg’ı 2008-jılg’a salıstırg’anda artqan. 6-kestede awıl xojalıq eginlerinin’ o’nimdarlılıg’ı, ulıwma h’a’m tovar o’nimleri mug’darları keltirilgen.

Awıl xojalıq o’nimlerin jetistiriwde joqarıdag’ı kesteden ko’riwimiz mu’mkin boladı, yag’nıy bunda egislik jerlerinin’ maydanları, jalpı h’asıl gektar h’a’mde tonna esabında berilgen. Ja’mi da’n boyınsha 2008 jılda 6664 ga dı, jalpı h’asılı 22455 tonnanı, al bul 2009 jılı 6855 ga maydannan, jalpı h’asılı 24733 t dan ibarat bolg’an. Ulıwma qılıp aytatug’ın bolsaq, bul jerde 2 jıllıq salıstırılg’an bolıp 2008 jılda egin maydanı 22202 ga bolg’an bolsa 2009 jılı bul ko’rsetkish 22790 ga dı quraydı. Demek, bul jerdin’ parqı 588 ge ten’ ekenligin ko’rsetedi.

Rayonnın’ sharwashılıg’ına keletug’ın bolsaq 2009 jılg’ı ko’rsetkishdi alıp qaraytug’ın bolsaq, rayonda ja’mi bolıp xojalıqlardın’ ba’rshe tu’ri boyınsha iri shaqlı sıyırlar 75404 bas, sonnan, sıyırlar 26798 bas, qoy h’a’m eshkiler 96757 bas, atlardın’ sanı boyınsha 1606 basdan ibarat bolg’an.

**6-keste**

**Awıl xojalıg’ı o’nimlerin jetistiriw**

| | | 2008 j. | 2009 j. | 2010 j. | 2011 j. |
|---|---|---|---|---|---|

| Ko'rsetkishler | O'lshew Birligi | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Egin maydanı ga. | Jalpı h'asıl Tonna | Egin maydanı ga | Jalpı h'asıl tonna | Egin maydanı ga. | Jalpı h'asıl Tonna | Egin maydanı ga. | Jalpı h'asıl Tonna |
| Ja'mi da'n | | 6664 | 22455 | 6855 | 24733 | 6797 | 5160 | 4751 | 3600 |
| Paxta | | 13114 | 21883 | 13017 | 26597 | 12600 | 24530 | 12400 | 26300 |
| Kartoshka | | 481 | 3181 | 464 | 3211 | 512 | 3305 | 571 | 5730 |
| ovosh | | 830 | 15336 | 702 | 16874 | 912 | 16318 | 813 | 16962 |
| Palız | | 490 | 6886 | 1092 | 7843 | 607 | 7390 | 756 | 8581 |
| Miyweler | | 562 | 2341 | 604 | 2486 | 641 | 2412 | 706 | 2665 |
| Ju'zim | | 61 | 341 | 56 | 400 | 81 | 435 | 75 | 474 |
| Go'sht (tiri salmaqta) | | | 5632 | | 5997 | | 5990 | | 6024 |
| Su't | | | 30767 | | 33841 | | 34123 | | 34520 |
| Mayek | Ming.dn | | 1195 | | 1290 | | 1387 | | 1468 |
| Ju'n | Tsent | | 1274 | | 1315 | | 1276 | | 1349 |
| Ja'mi | | 22202 | 111291 | 22790 | 124587 | 22150 | 102326 | 19472 | 96551 |

To'mendegi 7-kestede awıl xojalıq ka'rxanaları boyınsha, xalqı boyınsha h'a'mde fermer xojalıg'ı boyınsha sharwa malları h'aqqında keltirilgen.

**7-keste**

**Sharwa malları bas sanı**

| Ko'rsetkishler | 2008 jıl | 2009 jıl | 2011 jıl |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| Xojalıqlardın' ba'rshe tu'rleri boyınsha | | | |
| İri shaqlı qaramallar ja'mi | 68969 | 75404 | 84358 |
| Sonnan: | | | |
| Sıyırlar | 24397 | 26789 | 28768 |
| Qoy h'a'm eshkiler | 88566 | 96757 | 103200 |
| Jılqılar | 1515 | 1606 | 1650 |
| Awıl xojalıq ka'rxanalarında | | | |
| İri shaqlı qaramallar ja'mi | 0 | 0 | 1127 |
| Sonnan: | | | |
| Sıyırlar | 0 | 0 | 396 |
| Qoy h'a'm eshkiler | 31765 | 24634 | 20400 |
| Jılqılar | 510 | 465 | 410 |
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| Elatlı jasaw punktlerinde | | | |
| İri shaqlı qaramallar ja'mi | 63280 | 69180 | 76796 |
| Sonnan: | | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Sıyırlar | 22571 | 24728 | 26142 |
| Qoy h'a'm eshkiler | 53910 | 60082 | 70700 |
| Jılqılar | 680 | 786 | 870 |
| Fermer xojalıqlarında | | | |
| İri shaqlı qaramallar ja'mi | 5689 | 6224 | 6435 |
| Sonnan: | | | |
| Sıyırlar | 1826 | 2061 | 2230 |
| Qoy h'a'm eshkiler | 2891 | 12041 | 12100 |
| Jılqılar | 325 | 355 | 370 |

**8-keste**

**Sharwashılıq o'nimlerin islep shıg'arıw**

| **Ko'rsetkishler** | **O'lshem birligi** | **2008 jıl** | **2011 jıl** |
|---|---|---|---|
| Go'sh (trik vaznda) | tn | 5632 | 6024 |
| Su't | tn | 30767 | 34520 |
| Ma'yek | Mın' dana | 1195 | 1468 |
| Ju'n | tn | 127,4 | 1349 |
| Awıl xojalıq ka'rxanalarında | | | |
| Go'sh (trik vaznda) | tn | 121 | 155 |
| Su't | tn | 0 | 0 |
| Ju'n | tn | 41,1 | 41,3 |
| Elatlı jasaw punktlerinde | | | |
| Go'sh (trik vaznda) | tn | 5319 | 5638 |
| Su't | tn | 28966 | 31860 |
| Ma'yek | Mın' dana | 889 | 960 |
| Ju'n | tn | 78,3 | 81,5 |
| Fermer xojalıqlarında | | | |
| Go'sh (trik vaznda) | tn | 192 | 204 |
| Su't | tn | 1801 | 1981 |
| Ma'yek | Mın' dana | 306,0 | 330 |
| Ju'n | tn | 7,9 | 8,7 |

Massiv aymag'ında sharwashılıq boyınsha fermer xojalıqları go'sht – su't o'nimlerin jetistiriwge qa'niygelestirilgen. Sharwashılıq xojalıg'ındag'ı 75404 bas qaramaldan 5997 tonna go'sht, 33841 tonna su't o'nimlerin jetistiriwge erisilgen. Bul fermer xojalıg'ının' ko'rsetkishleri tarmaqtı ja'nede rawajlandırıw ushın imkaniyatlar ko'rsetedi.

## II BAP. AVTOMAGİSTRAL JOLLARDI QAYTA ON'LAW HA'M JOL QURILISINA TOPIRAQ HA'M QUM KARERİ UShIN JER AJIRATIW JOYBARI

## II.1 **Avtomagistral jollardı qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın ajıratılıp atırg'an jerdin' salıstırma maydanı h'a'm jaylasqan ornın anıqlaw**

Awıl xojalıg'ı emes tarawlar ka'rxanaları sanaat, transport, tog'ay h'a'mde suw xojalıqları, ta'biyattı qorg'aw, qalalar qurılısı, energetika h'a'mde basqa tarawlar ka'rxanalarına bo'linedi.

Sanaat, qurılıs, transport h'a'mde basqa awıl xojalıq emes ka'rxanaları, mekemeleri, sho'lkemleri jerlerinin' alıp barıp atırg'an jumısının' territoriyalıq bazisi, binaları, imaratları, injenerlik tarmaqların jaylastırıw ushın ta'biyiy tiykar sıpatında xızmet qıladı. Bul jag'dayda jerdin' o'nimdarlıg'ı a'h'miyetke iye emes. A'detde bunday paydalanıwlar u'lken massivlerden ibarat bolmaydı, olar basqa da, ko'pshilik jag'daylarda awıl xojalıq jer iyeleri h'a'm jerden paydalanıwları arasında shashırandı tu'rde, sug'ılıp kirip, olardı kesip, uzın ensiz polosalar ta'rzinde jaylasadı. Ko'pshilik jag'daylarda bul awıl xojalıq islep shıg'arıwının' buzılıwına alıp keledi, jer iyeliklerin qayta sho'lkemlestiriw za'ru'rligin keltirip shıg'aradı. Bunnan tısqarı ajıratılg'an uchastkalarda jaylastırılg'an obektler (zavodlar, elektr stantsiyaları, ka'n sanaatı ka'rxanaları h'.tb) a'tırapındag'ı aymaqqa zıyanlı ta'sir ko'rsetiwi mu'mkin.

Jer xalıq xojalıg'ının' ba'rshe tarawların jaylastırıw h'a'm olardın' jumıs alıp barıwı ushın ushın za'ru'r bolg'an tarmaqlar aralıq resurs esaplanadı. Bunday jerlerde sanaat ka'rxanaları, energetika obektleri, avtomobil h'a'm temir jolları, elektr uzatıw h'a'mde baylanıs tarmaqları, truba o'tkizgishler, xalıq jasaw orınları h'a'm den sawlıqtı saqlaw obektleri qurıladı. Sonın' ushında awıl xojalıq emes ka'rxanalarına, mekemelerge, sho'lkemlerge jer uchastkasın udayı paydalanıw ushın ajıratıp beriw za'ru'rligi tuwıladı. Bul jerde xalıq xojalıg'ı boyınsha optimal na'tiyjelerge erisiwge h'a'reket qılınıwı kerek.

Jerlerdi kategoriyaları h'a'm xalıq xojalıg'ı tarawları arasında qayta bo'listiriw, awıl xojalıq emes jerden paydalanıwlardı sho'lkemlestiriw ko'pshilik jag'daylarda tikleniwi kerek bolg'an, buzılg'an jerlerdin' payda bolıwına alıp keledi. Awıl xojalıq jerleri sanaat h'a'm basqa obektlerdi qurıw ushın berilgende,

olardın' o'nimdar topıraq qatlamları keyinshellik paydalanıw ushın qırqıp alınıwı kerek. Solay etip, awıl xojalıq emes jerden paydalanıwlardı sho'kemlestiriw «buzılg'an jerler», «jerlerdi rekultivatsiyalaw», «jerlerdi topıraq penen qaplaw» sıyaqlı tu'sinikler menen obektiv baylanıslı.

Jerlerdi rekultivatsiyalaw - bul injenerlik, texnikalıq, melioratsiya, agrotexnika h'a'mde basqa ila'jlar sisteması bolıp, buzılg'an jerlerdin' biologiyalıq o'nimdarlıg'ın h'a'mde xalıq xojalıg'ı ushın a'h'miyetin tiklewge h'a'mde qorshag'an ortalıq sha'rayatın jaqsılawg'a qaratılg'an.

Rekultivatsiyalaw obektleri quramına to'mendegiler kiredi:

Shuqır karerler, topıraq h'a'm taw jınısları u'yindileri; elektr stantsiyaları qasındag'ı ku'l u'yindleri; metallurgiya zavodları qasındag'ı shlak u'yindileri; kanallar, temir h'a'm avtomobil jolları, trubalar trassaları boylarındag'ı polosalar, topıraq u'yindileri h'a'm t.b; tawsılg'an sanaat ka'rxanaları ornı h'a'mde olardın' transport baylanıs tarawları; neft h'a'm basqa qazılma baylıqlardı qazıp alıw orınlardag'ı pataslang'an jerler.

«Guzar-Buxara-No'kis-Beynew» avtomobil jollardı qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum ushın jer ajıratıw joybarın 3-basqıshta ko'rip shıg'amız.

Birinshi basqıshta avtomobil jolların qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın ajıratılatug'ın jerdin' za'ru'rli maydanın h'a'm jaylasıw ornın 2 sheshimde islenedi.

Ekinshi basqıshta avtomobil jollardı qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın ja'mi 28,0 ga awıl xojalıg'ında paydalanılbaytug'ın basqa jerler sonnan: «Shoraxan» APJ aymag'ındag'ı «Twrtku'lli Swg'diёna» fermer xojalıg'ı jer maydanınan 4,0 ga h'a'm To'rtku'l tog'ay xojalıg'ı jer maydanınan 24,0 ga awıl xojalıg'ında paydalanılbaytug'ın basqa jerlerdi waqtınsha 2-jıl mu'ddetke paydalanıwg'a ajıratıp berildi.

U'shinshi basqıshta Arqa-Batıs xalıqaralıq h'a'm ma'mleketlik a'h'miyettegi avtomobil jolların saqlawg'a qa'nigelesken on'law h'a'm

paydalanıw ka'rxanası topıraq h'a'm qum kareri ushın jer maydanın alg'annan keyin tiyisli h'u'jjetlerde texnikalıq joybarlarda jer maydanın aldıng'ı jag'dayına keltiriw ushın qa'rejet ajıratıwı h'a'mde jer maydanınan paydalanıp bolg'annnan keyin jerdi aldıng'ı jag'dayına keltirip beriwi sha'rt ekenligi qaraldı.

## II.2 Avtomobil jollardı qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın jer maydanın tan'law

Respublikamiz jerlerinin' 57,3% awıl xojalıq jerleri qurag'anı sebepli, basqa tarawlardın' ka'rxanaları, ma'mleketlik h'a'm ja'miyetlik za'ru'rlilik ushın jerlar ko'pshilik jag'daylarda awıl xojalıg'ı jerlari esabınan ajıratıladı. Bul jumıslar O'zbekstan Respublikasının' jer h'aqqındag'ı nızamlarına, arnawlı qarar h'a'm pa'rmanlarına tiykarlanıp alıp barıladı. Jerler awıl xojalıq, shirket ka'rxanalarına iyelik etiw h'uquqı menen berilse, basqa taraw ka'rxanalarına tek paydalanıwga beriledi. Sonın' ushında jerlardi bashqa taraw ka'rxanalarına alıp beriwde jan'a jerden paydalanıw h'uquqı ju'zege keledi. Bul jumıslar menen baylanıslı jer du'ziw jumısların alıp barıw protsessinde tek h'uquqıy emes, al ekonomikalıq h'a'm texnikalıq ma'selelerdi de jer du'ziw joybarların islew protsessinde talap qılınadı.

O'nimdar jerlerdi mu'ddetsiz paydalanıw ushın awıl xojalıq emes ka'rxanalarg'a ajıratqanda olardın' joqarı o'nimdar qatlamları qırıp alınıp, saqlap qoyıladı h'a'm o'nimi to'men jerlerge qaplanıp olardın' o'nimdarlıg'ın asırıw ushın paydalanıladı.

Ol tek g'ana ekonomikalıq na'tiyjeligi bolg'anda g'ana orınlanadı. 1 ga o'nimi kem jerdi topıraq penen qaplaw qa'rejetleri awıl xojalıq emes maqsetleri ushın alınatug'ın jerlerdin' ornına 1 ga jan'adan jerdi o'zlestiriwdin' normadag'ı bah'asınan aspawı kerek.

Awıl xojalıg'ınan basqa taraw ka'rxanalarına jer ajıratılg'anda jerden paydalanıwdag'ı awıl xojalıg'ının' baslı printsipine qatan' a'mel qılıw kerek.

To’rtku’l rayonı aymag’ınan avtomobil jollardı qayta on’law h’a’m jol qurılısına topıraq h’a’m qum kareri ushın ja’mi 28,0 ga awıl xojalıg’ında paydalanılbay turg’an basqa jerler sonnan: «Sho'roxon» APJ aymag’ındag’ı «Twrtku’lli Swg’diëna» fermer xojalıg’ı jer maydanınan 4,0 ga h’a’m To’rtku’l tog’ay xojalıg’ı jer maydanınan 24,0 ga awıl xojalıg’ında paydalanılbaytug’ın basqa jerlerdi waqtınsha 2-jıl mu’ddetke paydalanıwg’a ajıratıp berildi. (9-keste)

**9-keste**

**To’rtku’l rayonı aymag’ınan o’tiwshi «Guzar-Buxara-No’kis-Beynew» avtomobil jollardı qayta on’law h’a’m jol qurılısına topıraq h’a’m qum kareri ushın tan’lang’an jer maydanları**

| № | Jer iyeleri h’a’m jerden paydalanıwshılardın’ atı | Obekttin’ atı | Uzınlıg’ı (metr) | Eni (metr) | Ja’mi maydanı (ga) | Su’rim jer | Jaylaw | Tog’aylar | Kanal h’a’m salmalar | Jollar | Qurılıslar | Basqa jerler | Ball bonieti |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | «Oqboshli» OFY İbroxim buxgalter f\x | 581,0-582,2 | **1200** | **14** | **1,7** | **0,5** | | | **0,5** | | | **0,7** | **42,0** |
| 2 | «Oqboshli» OFY Hokimiyat zah’irasi | 582,2-583,3 | **1100** | **14** | **1,5** | | **1,0** | | | | | **0,5** | |
| | | 583,3-583,7 | **400** | **46** | **1,8** | | **1,1** | | | | | **0,7** | |
| | | 585,0-585,2 | **200** | **46** | **0,9** | | **0,9** | | | | | | |
| | | 585,350-585,7 | **350** | **46** | **1,6** | | **1,6** | | | | | | |
| | **Ja’mi** | | **2050** | | **5,8** | | **4,6** | | | | | **1,2** | |
| 3 | «Shoraxan» OFY Hokimiyat zah’irasi | 583,7-585,0 | **1300** | **46** | **6,0** | **3,0** | **3,0** | | | | | | **42,0** |
| 4 | No’kis-Uchquduq temir jolı | 585,2-585,350 | **150** | **46** | **0,7** | | | | | | | **0,7** | |
| 5 | «Oqboshli» OFY Twrtkwlli Doniyar-Nortoy f\x | 585,7-587,3 | **1600** | **46** | **7,4** | **5,0** | | | **0,5** | | | **1,9** | **42,0** |
| 6 | To’rtkul tog’ay xojalıg’ı | 587,3-596,0 | **8700** | **46** | **40,0** | | | **40,0** | | | | | |
| | Ja’mi: Rayon boyınsha | **581,0-596,0** | **15000** | | **61,6** | **8,5** | | **40,0** | **1,0** | | | **4,5** | |

## II.3 Yuridikalıq h'u'jjetlerdi ra'smiylestiriw.

«Guzar-Buxara-No'kis-Beynew» avtomagistralın on'law h'a'm qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın jer ajıratıw joybarının' u'shinshi basqıshında jer ajıratıw h'u'jjetleri ra'smiylestirildi.

Obekt aymag'ında jumıs alıp baratırg'an jer iyeleri menen baylanıslı jer du'ziw quramına kiriwshi yuridikalıq h'u'jjetler to'mendegilerden ibarat:

1. Buyırtpashının' qatnas xatı.
2. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken'esinin' kararı.
3. Qaraqalpaqstan Respublikası awıl h'a'm suw xojalıg'ı Ministrligi h'a'm jer resursları h'am ma'mleketlik kadastr baskarmasının' juwmag'ı.
4. Rayon h'a'kiminin' qararı.
5. Rayon awıl h'a'm suw xojalıg'ı bo'liminin' qararı.
6. «Shoraxan» OFY qararı
7. «Twrtku'lli Swg'diëna» fermer xojalıg'ı bayannaması.
8. To'rtkul tog'ay xojalıg'ının' juwmag'ı.
9. Rayon komissiyasının' aktı.
10. Ajıratılg'an jer maydanı planı (tarxi) 1:10 000 masshtabda

To’rtku’l rayonı h’a’kimi
İ.J.Yuldashevke
Jer resursları h’a’m Ma’leketlik
Kadastr basqarması baslıg’ı
J.Allashevqa

O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ 2009-jıl 22-apreldegi «O’zbekstan milliy avtomagistralların 2009-2014 jıllar aralıg’ında rekonstruktsiyalaw h’a’m rawajlandırıw ilajları h’aqqında» g’ı PQ-1103-sanlı qararına muwapıq, bizin’ mekememiz ta’repinen A-380 «Guzar-Buxara-No’kis-Beynew» avtomobil jolının’ 581-596 km aralıg’ında qayta on’law h’a’m jol qurılısı jumısının’ isshi joybarı tayarlanıp atır. Onın’ iyeleytug’ın jer eni 25,1 m.

Sizden eni 46 metr, maydanı 161 ga ten’ bolg’an jer maydanın h’a’mjer betin tegislew, u’yiw ushın topıraq h’a’m qum kareri ushın waqıtınsha jer ajıratıp beriwin’izdi soranamız. Topıraq h’a’m qum kareri ushın waqıtınsha ajıratılatug’ın jer maydanı 28 ga bolıp, sonnan 12 ga qum kareri h’a’m diafragmanı qurıw ushın 16 ga saz topıraqlı qatlam.

Qosımsha:
Trassanın’ qısqartılg’an planı.
Jer qatlamının’ kese kesimdegi profili qosıp tigilgen.

Direktor B.İ.İzimov

Qaraqalpaqstan Respublikası
Ministrler Ken'esinin'

2010 jıl «8» iyun № 104/6 No'kis qalası

Ka'rxanalarg'a, sho'lkemlerge h'a'm mekemelerge qurılıs ushın jer uchastkaların ajıratıw h'aqqında

O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' 2009-jıl 22-apreldegi «O'zbekstan milliy avtomagistralların 2009-2014 jıllar aralıg'ında rekonstruktsiyalaw h'a'm rawajlandırıw ilajları h'aqqında» g'ı PQ-1103-sanlı qararı, O'zbekstan Respublikası Jer kodeksi h'a'm Qaraqalpaqstan Respublikası «Jer h'aqqında» g'ı nızamına tiykarlanıp Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken'esi

Q A R A R E T E D İ:

1. To'rtkul rayonı aymag'ınan Arqa-batıs xalıqaralıq h'a'm ma'mleketlik a'h'miyettegi avtomobil jolların saqlawg'a qa'niygelestirilgen on'law, paydalanıw ka'rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No'kis-Beynew» avtomobil jolının' 581-596 km aralıg'ında qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın jer maydanların ajıratıp beriw h'aqqındag'ı To'rtkul rayonı h'a'kiminin' 2010-jıl 23-martdag'ı 282 h'a'm 285-sanlı qararı tastıyıqlansın.

2. Qaraqalpaqstan Respublikası Jer resursları h'a'm ma'mleketlik kadastrı basqarması h'a'm To'rtkul rayonı h'a'kimiyatı ma'mleketlik kadastrı basqarması jer esabına tiyisli o'zgerislerdi kirgizsin.

3. Usı qarardın' orınlanıwın qadag'alap barıw Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken'esi Baslıg'ının' orınbasarı, Awıl h'a'm suw xojalıg'ı ministrine (M. Abdirov) ju'klensin.

Qaraqalpaqstan Respublikası
Ministrler Ken'esi Baslıg'ı B. Yangibaev

Qaraqalpaqstan Respublikası Awıl h'a'm suw xojalıg'ı Minstrligi, Jer resursları h'am ma'mleketlik kadastr baskarmasının' To'rtku'l rayonı aymag'ınan Arqa Batıs xalqaralıq h'a'm ma'mleketlik a'h'miyettegi avtomobil jolların saqlawg'a qa'niygelestirilgen on'law h'a'm paydalanıw karxanasına A-380 «Guzar-Buxara-Nukus-Beynew» avtomobil jolının' 581-596 km aralıg'ında qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın jer maydanın ajratıp beriw h'aqqındag'ı

**Sh E Sh İ M İ**

Jer maydanın ajıratıp beriw jumısları O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' 2009-2014 jıllarda O'zbekstan milliy avtomagistralların rekonstruktsiyalaw h'a'm rawajlandırıw ilajları h'aqqında» g'ı 2009-jıl 22-apreldegi PQ-1103-sanlı qararı, «QKavtojoljoybar» juwapkershiligi sheklengen ja'miyetinin' 2010-jıl 22 yanvardag'ı №21 sanlı jer maydanı ajıratıp beriwdi sorap jazg'an xatı h'a'mde O'zbekstan Respublikası «Jer kodeksi»nin' 23 h'a'm 37-statyalarına tiykarlanıp Qaraqalpaqstan Respublikası Jer du'ziw h'a'm ko'shpes mu'lk kadastrı xızmeti ma'mleketlik unitar ka'pxanası ta'repinen islengen.

Jer maydanın ajıratıp beriw jumısları O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' 2009-2014 jıllarda O'zbekstan milliy avtomagistralların rekonstruktsiyalaw h'a'm rawajlandırıw ilajları h'aqqında»g'ı 2009-jıl 22-apreldegi PQ-1103-sanlı qararı, «QKavtojoljoybar» juwapkershiligi sheklengen ja'miyetinin' 2010-jıl 22 yanvardag'ı №21 sanlı jer maydanı ajıratıp beriwdi sorap jazg'an xatı h'a'mde O'zbekstan Respublikası «Jer kodeksi»nin' 23-statyasına tiykarlanıp islendi.

Rayon turaqlı komissiyası o'zinin' 2010-jıl 22-mart ayındag'ı aktı menen To'rtkul rayonı aymag'ınan Arqa-Batıs xalqaralıq h'a'm ma'mleketlik a'h'miyettegi avtomobil jolların saqlawg'a qa'niygelestirilgen on'law, paydalanıw ka'rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No'kis-Beynew» avtomobil jolının' 581-596

km aralıg'ında qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın ja'mi 28,0 ga awıl xojalıg'ında paydalanılbaytug'ın basqa jerler sonnan: «Shoraxan» APJ aymag'ındag'ı «Twrtku'lli Swg'diëna» fermer xojalıg'ı jer maydanınan 4,0 ga h'a'm To'rtku'l tog'ay xojalıg'ı jer maydanınan 24,0 ga awıl xojalıg'ında paydalanılbaytug'ın basqa jerlerdi waqtınsha 2-jıl mu'ddetke paydalanıwg'a ajıratıp beriwdi maqul dep taptı.

Arqa-Shıg'ıs xalıqaralıq h'a'm ma'mleketlik a'h'miyettegi avtomobil jolların saqalawg'a qa'nigelesken on'law h'a'm paydalanıw ka'rxanası topıraq h'a'm qum kareri ushın jer maydanın alg'annan keyin tiyisli h'u'jjetlerde texnikalıq joybarlarda jer maydanın aldıng'ı jag'dayına keltiriw ushın qa'rejet ajıratıwı h'a'mde jer maydanınan paydalanıp bolg'annnan keyin jerdi aldıng'ı jag'dayına keltirip beriwi sha'rt.

Jer maydanın ajıratıp beriw jumısları To'rtkul rayon h'a'kiminin' 2010-jıl 23-marttag'ı № 282 sanlı qararı menen tastıyıqlansın.

Qaraqalpaqstan Respublikası Awıl h'a'm suw xojalıg'ı Minstrligi, Jer resursları h'am ma'mleketlik kadastr baskarması jer ajıratıp beriw h'u'jjetlerin tiykarlı dep esaplaydı h'a'mde usı juwmaqtı Qaraqalpaqstan Respublikası Minstrler Ken'esinen ko'rip shıg'ıp tastıyıqlawın soraydı.

Qaraqalpaqstan Respublikası
Awıl h'a'm suw xojalıg'ı Ministri M. Abdirov

Qaraqalpaqstan Respublikası
Jer resursları h'am ma'mleketlik kadastrı
basqarma baslıg'ı J. Allashov

Qaraqalpaqstan Respublikası
To'rtkul rayon h'a'kiminin'

2010-jıl 23-mart №285 To'rtkul rayonı

To'rtkul rayonı aymag'ınan Arqa-Batıs xalqaralıq h'a'm ma'mleketlik a'h'miyettegi avtomobil jolların saqlawg'a qa'niygelestirilgen on'law, paydalanıw ka'rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No'kis-Beynew» avtomobil jolının' 581-596 km aralıg'ında qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın jer maydanın ajıratıp beriw h'aqqında

To'rtkul rayonı aymag'ınan Arqa-Batıs xalqaralıq h'a'm ma'mleketlik a'h'miyettegi avtomobil jolların saqlawg'a qa'niygelestirilgen on'law, paydalanıw ka'rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No'kis-Beynew» avtomobil jolının' 581-596 km aralıg'ında qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın jer maydanların ajıratıp beriw h'aqqındag'ı rayon jer tan'law h'am jer ajıratıp beriw boyınsha rayon turaqlı komissiyasının' h'u'jjetlerin ko'rip shıg'ıp h'a'm O'zbekstan Respublikası «Jer kodeksi»nin' 6-statyasına muwapıq

Q A R A R E T E M E N:

1. To'rtkul rayonı aymag'ınan Arqa-Batıs xalqaralıq h'a'm ma'mleketlik a'h'miyettegi avtomobil jolların saqlawg'a qa'niygelestirilgen on'law, paydalanıw ka'rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No'kis-Beynew» avtomobil jolının' 581-596 km aralıg'ında qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın ja'mi 28,0 ga awıl xojalıg'ında paydalanılbaytug'ın basqa jerler sonnan: «Shoraxan» APJ aymag'ındag'ı «Twrtku'lli Swg'diëna» fermer xojalıg'ı jer maydanınan 4,0 ga h'a'm To'rtku'l tog'ay xojalıg'ı jer maydanınan 24,0 ga awıl xojalıg'ında paydalanılbaytug'ın basqa jerlerdi waqtınsha 2-jıl mu'ddetke paydalanıwg'a ajıratıp beriw h'aqqındag'ı rayon Jer tan'law h'a'm jer ajıratıw boyınsha rayon komissiyasının' 2010-jıl «22» 03 degi aktı tastıyıqlansın.

2. Arqa-Shıg'ıs xalıqaralıq h'a'm ma'mleketlik a'h'miyettegi avtomobil jolların saqalawg'a qa'nigelesken on'law h'a'm paydalanıw ka'rxanası topıraq h'a'm qum kareri ushın jer maydanın alg'annan keyin tiyisli h'u'jjetlerde texnikalıq joybarlarda jer maydanın aldıng'ı jag'dayına keltiriw ushın qa'rejet ajıratıwı h'a'mde jer maydanınan paydalanıp bolg'annnan keyin jerdi aldıng'ı jag'dayına keltirip beriwi sha'rt.

3. Bul qarardı Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken'esinen lo'rip shıg'ıp tastıyıqlaw soralsın.

To'rtkul rayon h'a'kimi İ. Yuldashev

To’rtku’l rayonı To’rtku’l tog’ay aymag’ınan Arqa Batıs xalqaralıq h’a’m ma’mleketlik a’h’miyettegi avtomobil jolların saqlawg’a qa’niygelestirilgen on’law h’a’m paydalanıw karxanasına A-380 «Guzar-Buxara-Nukus-Beynew» avtomobil jolının’ 581-596 km aralıg’ında qayta on’law h’a’m jol qurılısına topıraq h’a’m qum kareri ushın jer maydanın ajratıp beriw h’aqqındag’ı To’rtku’l tog’ay xojalıg’ının’

**Sh E Sh İ M İ**

To’rtku’l rayonı 22 mart 2010 jıl

Jer maydanın ajıratıp beriw jumısları O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ 2009-2014 jıllarda O’zbekstan milliy avtomagistralların rekonstruktsiyalaw h’a’m rawajlandırıw ilajları h’aqqında» g’ı 2009-jıl 22-apreldegi PQ-1103-sanlı qararı, «QKavtojoljoybar» juwapkershiligi sheklengen ja’miyetinin’ 2010-jıl 22 yanvardag’ı №21 sanlı jer maydanı ajıratıp beriwdi sorap jazg’an xatı h’a’mde O’zbekstan Respublikası «Jer kodeksi»nin’ 23 h’a’m 37-statyalarına tiykarlanıp islengen.

Rayon turaqlı komissiyası o’zinin’ 2009-jıl 22-mart ayındag’ı aktı menen To’rtkul rayonı aymag’ınan Arqa-Batıs xalqaralıq h’a’m ma’mleketlik a’h’miyettegi avtomobil jolların saqlawg’a qa’niygelestirilgen on’law, paydalanıw ka’rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No’kis-Beynew» avtomobil jolının’ 581-596 km aralıg’ında qayta on’law h’a’m jol qurılısına topıraq h’a’m qum kareri ushın To’rtku’l tog’ay xojalıg’ı jer maydanınan 24,0 ga awıl xojalıg’ında paydalanılbaytug’ın basqa jerlerdi waqtınsha 2-jıl mu’ddetke paydalanıwg’a ajıratıp beriwdi maqul dep taptı.

Arqa-Shıg’ıs xalıqaralıq h’a’m ma’mleketlik a’h’miyettegi avtomobil jolların saqalawg’a qa’nigelesken on’law h’a’m paydalanıw ka’rxanası topıraq h’a’m qum kareri ushın jer maydanın alg’annan keyin tiyisli h’u’jjetlerde texnikalıq joybarlarda jer maydanın aldıng’ı jag’dayına keltiriw ushın qa’rejet ajıratıwı h’a’mde jer maydanınan paydalanıp bolg’annnan keyin jerdi aldıng’ı jag’dayına keltirip beriwi sha’rt.

To’rtku’l rayonı To’rtku’l tog’ay xojalıg’ı jer ajıratıp beriw h’u’jjetlerin tiykarlı dep esaplaydı h’a’mde tog’ay xojalıg’ı jumıslarına qıyınshılık tuwdırmaytug’ınlıg’ın esapqa alıp rayon h’a’kimine ko’rip shıg’ıp tastıyıqlaw ushın usınıs etiledi.

To’rtku’l tog’ay
xojalıg’ı baslıg’ı Sh. Matnazarov

To’rtku’l rayonı «Oqboshli» awıl puqaralar jıyını

Q A R A R I

«Oqboshli» APJ № 3 22 mart 2010-jıl

To’rtkul rayonı aymag’ınan Arqa-Batıs xalqaralıq h’a’m ma’mleketlik a’h’miyettegi avtomobil jolların saqlawg’a qa’niygelestirilgen on’law, paydalanıw ka’rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No’kis-Beynew» avtomobil jolının’ 581-596 km aralıg’ında qayta on’law h’a’m jol qurılısına topıraq h’a’m qum kareri ushın jer maydanın ajıratıp beriw h’aqqında

To’rtkul rayonı aymag’ınan Arqa-Batıs xalqaralıq h’a’m ma’mleketlik a’h’miyettegi avtomobil jolların saqlawg’a qa’niygelestirilgen on’law, paydalanıw ka’rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No’kis-Beynew» avtomobil jolının’ 581-596 km aralıg’ında qayta on’law h’a’m jol qurılısına topıraq h’a’m qum kareri ushın jer maydanların ajıratıp beriw h’aqqındag’ı rayon Jer tan’law h’am jer ajıratıp beriw rayon turaqlı komissiyasının’ h’u’jjetlerin ko’rip

Q A R A R E T E M E N:

1. To’rtkul rayonı aymag’ınan Arqa-Batıs xalqaralıq h’a’m ma’mleketlik a’h’miyettegi avtomobil jolların saqlawg’a qa’niygelestirilgen on’law, paydalanıw ka’rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No’kis-Beynew» avtomobil jolının’ 581-596 km aralıg’ında qayta on’law h’a’m jol qurılısına topıraq h’a’m qum kareri ushın To’rtku’l tog’ay xojalıg’ı jer maydanınan 24,0 ga awıl xojalıg’ında paydalanılbaytug’ın basqa jerlerdi waqtınsha 2-jıl mu’ddetke paydalanıwg’a ajıratıp beriw h’aqqındag’ı rayon turaqlı komissiyasının’ 2010-jıl «22» 03 degi aktı boyınsha tastıyıqlansın.

2. Arqa-Shıg’ıs xalıqaralıq h’a’m ma’mleketlik a’h’miyettegi avtomobil jolların saqalawg’a qa’nigelesken on’law h’a’m paydalanıw ka’rxanası topıraq h’a’m qum kareri ushın jer maydanın alg’annan keyin tiyisli h’u’jjetlerde texnikalıq joybarlarda jer maydanın aldıng’ı jag’dayına keltiriw ushın qa’rejet ajıratıwı h’a’mde jer maydanınan paydalanıp bolg’annnan keyin jerdi aldıng’ı jag’dayına keltirip beriwi sha’rt.

3. Usı qarardı To’rtkul rayon h’a’kimine ko’rip shıg’ıp tastıyıqlaw soralsın.

«Oqboshli» OFY baslıg’ı R. İsmaylov

To'rtku'l rayonı «Sho'roxon» awıl puqaralar jıyını

Q A R A R I

«Shoraxan» APJ № 3 22 mart 2010-jıl

To'rtkul rayonı aymag'ınan Arqa-Batıs xalqaralıq h'a'm ma'mleketlik a'h'miyettegi avtomobil jolların saqlawg'a qa'niygelestirilgen on'law, paydalanıw ka'rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No'kis-Beynew» avtomobil jolının' 581-596 km aralıg'ında qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın jer maydanın ajıratıp beriw h'aqqında

To'rtkul rayonı aymag'ınan Arqa-Batıs xalqaralıq h'a'm ma'mleketlik a'h'miyettegi avtomobil jolların saqlawg'a qa'niygelestirilgen on'law, paydalanıw ka'rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No'kis-Beynew» avtomobil jolının' 581-596 km aralıg'ında qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın jer maydanların ajıratıp beriw h'aqqındag'ı rayon jer tan'law h'am jer ajıratıp beriw boyınsha rayon turaqlı komissiyasının' h'u'jjetlerin ko'rip shıg'ıp

Q A R A R E T E M E N:

1. To'rtkul rayonı aymag'ınan Arqa-Batıs xalqaralıq h'a'm ma'mleketlik a'h'miyettegi avtomobil jolların saqlawg'a qa'niygelestirilgen on'law, paydalanıw ka'rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No'kis-Beynew» avtomobil jolının' 581-596 km aralıg'ında qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın «Shoraxan» awıl puqaralar jıyını aymag'ınan «Twrtku'lli Swg'diёna» fermer xojalıg'ı jer maydanınan 4,0 ga h'a'm To'rtku'l tog'ay xojalıg'ı jer maydanınan 24,0 ga awıl xojalıg'ında paydalanılbaytug'ın basqa jerlerdi waqtınsha 2-jıl mu'ddetke paydalanıwg'a ajıratıp beriw h'aqqındag'ı rayon turaqlı komissiyasının' 2010-jıl «22» 03 degi aktı tastıyıqlansın.

2. Arqa-Shıg'ıs xalıqaralıq h'a'm ma'mleketlik a'h'miyettegi avtomobil jolların saqalawg'a qa'nigelesken on'law h'a'm paydalanıw ka'rxanası topıraq h'a'm qum kareri ushın jer maydanın alg'annan keyin tiyisli h'u'jjetlerde texnikalıq joybarlarda jer maydanın aldıng'ı jag'dayına keltiriw ushın qa'rejet ajıratıwı h'a'mde jer maydanınan paydalanıp bolg'annnan keyin jerdi aldıng'ı jag'dayına keltirip beriwi sha'rt.

3. Usı qarardı To'rtkul rayon h'a'kiminen ko'rip shıg'ıp tastıyıqlaw soralsın.

«Shoraxan» APJ baslıg'ı Q. Yuldashov

**A K T**

2010 jıl 22 mart                    To'rtku'l rayonı

Biz, To'rtkul rayonı Ha'kiminin' 2006 jıl 8 dekabrindegi 111 f-sanlı pa'rmanına tiykarlanıp du'zilgen jer tan'law h'a'm jer ajıratıw boyınsha rayon turaqlı komissiyası

Komissiya baslıg'ı:

1. Masharipov B - Rayon h'a'kiminin' birinshi orınbasarı

Komissiya ag'zaları:

2. Sadullaev A - rayon KSXB basqarması baslıg'ı
3. Kamalbaev M -rayon bas arxitektorı
4. Meretov D - rayon jer resursları h'a'm ma'mleketlik kadastr bo'limi baslıg'ı
5. Aytmuratov P - QR Ta'biyattı qorg'aw Ma'mleketlik komiteti baslıgı
6. Matkarimov Sh - rayon DSENM bas shıpakeri
7. İsaev K - rayon jer du'ziw h'a'm ko'shpes mu'lk kadastr xızmeti baslıg'ı
8. Rozimov S -rayon İİB jang'ın qa'wipsizligi bo'linmesi baslıg'ı
9. Adaev M. – rayon ishimlik suw tarmaqlarının' basqarması baslıg'ı
10. Madaminov B - «To'rtku'ltumangaz» filialı baslıg'ı
11. Erimbetov X - «KKelektrtarmoqlari» APJ To'rtku'l Rayonı filialı baslıg'ı
12. İsmaylov R - «Oqboshli» APJ baslıg'ı
13. Yuldashev Q - «Shwraxon» APJ baslıg'ı
14. Matnazarov Sh -To'rtku'l tog'ay xojalıg'ı baslıg'ı
15. Mamutov S - «Twrtku'lli Swg'diëna» fermer xojalıg'ı baslıg'ı
16. Kaziev T - KR Ministrler ken'esi qacındag'ı jer astı baylıqlarınan na'tiyjeli paydalanıw basqarması baslıg'ı
17. Erniyazov R - Arqa-Batıs xalıqaralıq h'a'm ma'mleketlik a'h'miyettegi avtomobil jolların saqalawg'a qa'nigelesken on'law h'a'm paydalanıw ka'rxanası
18. İzimov B - «QQavtojoljoybar» juwapkershiligi sheklengen ja'miyeti direktorı
19. Zarlekov A - QR Jer du'ziw h'a'm ko'shpes mu'lk kadastr xızmeti «Jer ajıratıwh'a'm jerdi alıp qoyıw» bo'limi jumısshısı

To’rtkul rayonı aymag’ınan Arqa-Batıs xalqaralıq h’a’m ma’mleketlik a’h’miyettegi avtomobil jolların saqlawg’a qa’niygelestirilgen on’law, paydalanıw ka’rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No’kis-Beynew» avtomobil jolının’ 581-596 km aralıg’ında qayta on’law h’a’m jol qurılısına topıraq h’a’m qum kareri ushın jer maydanın ajıratıp beriw h’aqqında

**Sh E Sh E M İ**

2010 jıl 22 mart To’rtku’l rayonı

Jer maydanın ajıratıp beriw jumısları O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ 2009-2014 jıllarda O’zbekstan milliy avtomagistralların rekonstruktsiyalaw h’a’m rawajlandırıw ila’jları h’aqqında» g’ı 2009-jıl 22-apreldegi PQ-1103-sanlı qararı, «QKavtojoljoybar» juwapkershiligi sheklengen ja’miyetinin’ 2010-jıl 25 yanvardag’ı №21 sanlı jer maydanın ajıratıp beriwdi sorap jazg’an xatı h’a’mde O’zbekstan Respublikası «Jer kodeksi»nin’ 23 statyasına tiykarlanıp islendi.

Rayonnın’ turaqlı komissiyası o’zinin’ 2009-jıl 22-mart ayındag’ı aktı menen To’rtku’l rayonı aymag’ınan Arqa-Batıs xalqaralıq h’a’m ma’mleketlik a’h’miyettegi avtomobil jolların saqlawg’a qa’niygelestirilgen on’lawda paydalanıw ka’rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No’kis-Beynew» avtomobil jolının’ 581-596 km aralıg’ında qayta on’law h’a’m jol qurılısına topıraq h’a’m qum kareri ushın ja’mi 28,0 ga awıl xojalıg’ında paydalanılbaytug’ın basqa jerler sonnan: «Shwroxon» APJ aymag’ındag’ı «Twrtku’lli Swg’diëna» fermer xojalıgı jer maydanınan 4,0 ga h’a’m To’rtku’l tog’ay xojalıg’ı jer maydanınan 24,0 ga awıl xojalıg’ında paydalanılbaytug’ın basqa jerlerdi waqtınsha 2-jıl mu’ddetke paydalanıwg’a ajıratıp beriwdi maqul taptı.

Arqa-Shıg’ıs xalıqaralıq h’a’m ma’mleketlik a’h’miyettegi avtomobil jolların saqalawg’a qa’nigelestirilgen on’law h’a’m paydalanıw ka’rxanası topıraq h’a’m qum kareri ushın jer maydanın alg’annan keyin tiyisli h’u’jjetlerde texnikalıq joybarlarında jer maydanın aldıng’ı jag’dayına keltiriw (rekultivatsiya) ushın qa’rejet ajıratıwı h’a’mde jer maydanınan paydalanıp bolg’annnan keyin jerdi aldıng’ı jag’dayına keltirip beriwi sha’rt.

To’rtku’l rayonı awıl h’a’m suw xojalıgı bo’limi jer maydanın ajıratıp beriw h’u’jjetleri tiykarlı dep esaplaydı h’a’m rayon h’a’kimine ko’rip shıg’ıw ushın usınıs etiledi.

To’rtku’l rayonı awıl
h’a’m suw xojalıgı bo’limi
baslıg’ı A. Sadullaev

## A K T T İN’ M A Z M U N I

To’rtkul rayonı aymag’ınan Arqa-Batıs xalqaralıq h’a’m ma’mleketlik a’h’miyettegi avtomobil jolların saqlawg’a qa’niygelestirilgen on’law, paydalanıw ka’rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No’kis-Beynew» avtomobil jolının’ 581-596 km aralıg’ında qayta on’law h’a’m jol qurılısına topıraq h’a’m qum kareri ushın jer maydanların ajıratıp beriw h’aqqında.

Jer maydanın ajıratıwg’a tiykar: O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ 2009-2014 jıllarda O’zbekstan milliy avtomagistralların rekonstruktsiyalaw h’a’m rawajlandırıw ila’jları h’aqqında» g’ı 2009-jıl 22-apreldegi PQ-1103-sanlı qararı, «QKavtojoljoybar» juwapkershiligi sheklengen ja’miyetinin’ 2010-jıl 25 yanvardag’ı №21 sanlı jer maydanın ajıratıp beriwdi sorap jazg’an xatı h’a’mde O’zbekstan Respublikası «Jer kodeksi»nin’ 23 statyası.

Jer tan’law h’a’m jer ajıratıw boyınsha rayonlıq turaqlı komissiyası usı xat h’a’m Jer kodeksine tiykarlanıp To’rtku’l rayonı aymag’ınan Arqa-Batıs xalqaralıq h’a’m ma’mleketlik a’h’miyettegi avtomobil jolların saqlawg’a qa’niygelestirilgen on’lawda paydalanıw ka’rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No’kis-Beynew» avtomobil jolının’ 581-596 km aralıg’ında qayta on’law h’a’m jol qurılısına topıraq h’a’m qum kareri ushın ja’mi 28,0 ga awıl xojalıg’ında paydalanılbaytug’ın basqa jerler sonnan: «Shwroxon» APJ aymag’ındag’ı «Twrtku’lli Swg’diëna» fermer xojalıgı jer maydanınan 4,0 ga h’a’m To’rtku’l tog’ay xojalıg’ı jer maydanınan 24,0 ga awıl xojalıg’ında paydalanılbaytug’ın basqa jerlerdi waqtınsha 2-jıl mu’ddetke paydalanıwg’a ajıratıp beriwdi maqul taptı.

Arqa-Batıs xalıqaralıq h’a’m ma’mleketlik a’h’miyettegi avtomobil jolların saqlawg’a qa’nigelestirilgen on’law h’a’m paydalanıw ka’rxanası topıraq h’a’m qum kareri ushın jer maydanın alg’annan keyin tiyisli h’u’jjetlerde texnikalıq joybarlarında jer maydanın aldıng’ı jag’dayına keltiriw (rekultivatsiya) ushın qa’rejet ajıratıwı h’a’mde jer maydanınan paydalanıp bolg’annnan keyin jerdi aldıng’ı jag’dayına keltirip beriwi sha’rt.

Ajıratılg’an jer maydanının’ jaylasıw ornı masshtabı 1:10 000 planda h’a’m sxemada ko’rsetilgen

### Komissiya sheshimi

To’rtkul rayonı «Shwroxon» awıl puqaralar jıyını aymag’ındag’ı «Twrtku’lli Swg’diëna» fermer xojalıgı jer maydanınan h’a’m To’rtku’l tog’ay xojalıg’ı jer maydanınan Arqa-Batıs xalıqaralıq h’a’m ma’mleketlik a’h’miyettegi avtomobil

jolların saqlawg'a qa'nigelestirilgen on'law h'a'm paydalanıw ka'rxanası topıraq h'a'm qum kareri ushın ajıratıp beriletug'ın jerler sanitariyalıq h'a'm ekologiyalıq talaplarg'a tolıq juwap beredi.

Jer tan'law h'a'm jer ajıratıw boyınsha rayonlıq turaqlı komissiya joqarıda ko'rsetilgen jerlerdi waqtınsha 2-jıl mu'ddetke paydalanıwg'a ajıratıp beriwdi maqul taptı h'a'm bul akttı h'a'm To'rtkul rayonı h'a'kiminen ko'rip shıg'ıp tastıyıqlawdı soraydı.

| | |
|---|---|
| | B. Masharipov |
| | A.Sadullaev |
| | M. Kamalbaev |
| | D .Meretov |
| | P.Aytmuratov |
| | Sh. Matkarimov |
| | K. İsaev |
| | S.Rozimov |
| | M.Adaev |
| | B. Madaminov |
| | B.Ruzumov |
| | R. İsmaylov |
| | Q .Yuldashev |
| | Sh .Matnazarov |
| | S. Mamutov |
| | T.Kaziev |
| | R .Erniyazov |
| | B.İzimov |
| | A.Zarlekov |

## III-BAP JOYBARDI EKONOMİKALIQ HA'M EKOLOGİYaLIQ TİYKARLAW

### III.1 Avtomobil jollardı qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın jer ajıratıwda ko'riletug'ın zıyanlar mug'darın anıqlaw

Ma'mleket jer kadastrı jer qatnasıqların ta'rtipke salıw jerden aqılg'a muwapıq paydalanıw h'a'm onı qorg'aw, jer du'ziw jumısların sho'lkemlestiriw, jer du'ziw, jer ushın to'lenetug'ın h'aqı mug'darların tiykarlaw, xojalıq iskerligine bah'a beriw maqsetinde O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti, Jergilikli ma'mleketlik h'a'kimiyat organları, ma'pdar yuridikalıq h'a'm fizikalıq shaxslardı jer h'aqqındag'ı mag'lıwmatlar menen ta'miyenlewge mo'lsherlengen. Ma'mleketlik jer kadastrı u'lken xalıq xojalıq a'h'miyetine iye. Onın' mag'lıwmatlarınan h'a'r qıylı ma'selelerdi sheshiwde, sonın' ishinde, jer salıg'ı, jer maydanlarına ijara h'aqı mug'darların belgilewde, awıl xojalıq eginleri h'a'm tıg'ız baylanıslı bolg'an barlıq ma'selelerdi sheshiwde ken' qollanıladı.

Fermer xojalıqları ko'rgen zıyanlardı qaplaw h'a'm jan'adan jerlerdi o'zlestiriw bah'aları ma'mleketlik ta'repten belgilenedi. Jer tu'rlerinin' sıpatının' jamanlasıwın keltirip shıg'aratug'ın zıyanlar awıl xojalıq jerleri sıpatının' to'menleniwine proportsional ta'rzde, jan'a jerlerdi o'zlestiriw bah'aları normativlik protsent esabında anıqlanadı. Normalar du'zilgende o'nimdar jerlerdi alıw ju'da' qımbat, en' arzanı awıl xojalıq emes jerlerden paydalanıw bolsın. Awıl xojalıq o'ndirisinin' en' az zıyanın keltirip shıg'arıwshı sheshimi jaqsı esaplanadı. Avtomagistral jollardı qayta on'law h'a'm jol qurılısı ushın jer ajıratıw joybarın ekonomikalıq tiykarlawda awıl xojalıg'ı ko'retug'ın zıyan mug'darı to'mendegi faktorlardı o'z ishine aladı: tayanısh a'tirapında egislik maydanlarının' h'asılın jog'altıw yaki jay pawıtlawdan ko'riletug'ın zıyan. (tayanısh iyelegen maydang'a salıstırmalı tu'rde 7-8 ma'rte u'lken ko'lemdegi eginler jaypawıtlaw h'a'm h'asıldarlıg'ı kemeyiwi esabına alınadı.)

Avtomagistral jollardı qayta on'law h'a'm jol qurılıwında a'tırapdag'ı eginlerge islew beriwde artıqsha miynet waqtın, tuqımın', janılg'ı materialların,

to'ginlerdi sarıplaw esabına ko'riletug'ın zıyan mug'darı anıqlanıwı lazım. Bul ol jerden keleshekte qaysı maqsetke paydalanıwı esapqa alıng'an jag'dayında a'melge asırıladı.

To'rtku'l rayonı «Shoraxan» awıl puqaralar jıyını aymag'ınan «Twrtku'lli Swg'diëna» fermer xojalıg'ı jer maydanınan 4,0 ga h'a'm To'rtku'l tog'ay xojalıg'ı jer maydanınan 24,0 ga awıl xojalıg'ında paydalanılbaytug'ın basqa jerlerdi waqtınsha 2-jıl mu'ddetke paydalanıwg'a ajıratıp berilgen ulıwma maydanı 28,0 ga sonnan 24,3 ga jaylaw jerler, 1,7 kanal h'a'm salmalar, 0,9 ga jollar h'a'm 0,3 ga basqa jer maydanların ajıratıp berildi.

Bul jerde joybar boyınsha talap etiletug'ın topıraq-2,7 m/kub 2,7 m/kub x 15 km=40500 m/kub topıraq talap etiledi. Jerdi 1,5 metr shuqırlıqta qazıp alıng'anda 40500 m/kub x 1,5 m=5400 m/kub topıraq kerek boladı.

Jer ajıratıw sebepli maydanda jetistiriw mu'mkin bolg'an awıl xojalıq o'nimine ten' bolg'an 2 jıllıq ortasha o'nimnin' a'meldegi satıp alıw bah'asın esapqa alıp to'mendegishe anıqlaw mu'mkin:

$$P_{zıyan} = M*X*X_n$$

Bul jerde, $P_z$- jer ajıratıw sebepli egislik maydanınan ko'riletug'ın zıyan mug'darı, mın' sum;

M- egislik maydanı

X- aqırg'ı 4 jıllıqtag'ı ortasha o'nimdarlıq, ts\ga;

$X_n$- jer ajıratıw da'wirindegi 1 tsentner o'nimnin' satıp alıw bah'ası, mın'. sum.

Orınlanıp atırg'an pitkeriw qa'niygelik jumısında avtomagistral jollardı qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın jer ajıratıwda To'rtkul rayonı aymag'ınan 3 fermer xojalıg'ı qatnasqan bolıp, biz sol fermer xojalıqları mısalında ko'rgen zıyandı anıqlaymız h'am ol to'mendegishe boladı:

$$P_{zıyan}=8,5*25,2*206=44125,2$$

Bul fermer xojalıq ko'rgen ulıwma zıyan mug'darı bolıp sonnan 20% mug'darı jog'altılg'an paydasınan ibarat.

$$B_{jog'al.pay}=44125,2*20=8825,04$$

2 jıl dawamında bul ko'rsetkish to'mendegishe boladı:

$$2_{\text{jıl.da'wir}}= 8825,04*2=17650,08$$

Usı keltirilgen esap-kitaplardan ko'rinip turıptı, birinshi sheshimde fermer xojalıqlarının' ko'riletug'ın zıyan mug'darı 2 jıl dawamında 443,0 mın' sumdı, ekinshi sheshimde bolsa 354,0 mın' sumdı kuraydı. Ekinshi sheshimde birinshi sheshimge qarag'anda 89,6 mın' sumga kem. Sonın' ushında ekinshi sheshim optimal sheshim bolıp esaplanadı. Usı ko'rilgen zıyanlar mug'darın, yag'nıy alınatug'ın sap da'ramattın' 2 jıllıg'ı Avtomagistral jollardı qayta on'law h'a'm jol qurılısı ka'rxanaları ta'repinen jer beriwshi xojalıq esabına tolıq o'ndiriledi. Ekonomikalıq tiykarlang'an Avtomagistral jollardı qayta on'law h'a'm jol qurılısların jaylastırıw usılları u'lgisin ko'rip shıg'amız. A'meldegi usılga muwapıq qurılıs h'a'm paydalanıwg'a ketgen sarıp qa'rejet mug'darı awıl xojalıq o'ndirisindegi o'ndiriske h'a'm ko'rilgen zıyanlardı esapqa alıp anıqlanadı.

Bul usılda jog'altıw h'a'mde zıyanlardı anıqlaw sheshimlerdi salıstırıwda h'esh qanday sıpatlamanı ko'rsetpeydi. Bunı tu'sindiretug'ın bolsaq, su'rim jerlerdi aylanıp o'tiw esabınan artıqsha avtomobil jollardı qurıw, awıl xojalıg'ınan ajıratıp berilgen h'a'r bir gektar eginler esabına ko'retug'ın zıyanın h'a'mde jog'altıwlardı anıqlaw usılı kelesi jılg'a o'nim jetistriw ushın jan'adan jerlerdi o'zlestiriwge ketgen, o'sip baratırg'an sarıp qa'rejetlerdi avtomobil jollar a'tirapınan o'tiw ushın ketken artıqsha islew ko'leminin' artıw waqtı sarpı, janılg'ı sarpı, to'gin beriw h'a'mde mexanizmlerdin' texnikalıq qa'wipsizligine qaray suwg'arıw jumısların alıp barıw h'a'mde basqa tu'rdegi zıyanlardı, islew beriwler shegaralanadı.

To'rtkul rayonı aymag'ınan o'tiwshi avtomagistral jollardı qayta on'law h'a'm jol qurılıslarına topıraq h'a'm qum kareri ushın jer ajıratıw protsessinde jerden

paydalanıwshılardın’ awıl xojalıq emes jerden paydalanıwshıların jaylastırıwda keltirip shıg’aratug’ın zıyanlardı, obektlerdi jaylastırıwdın’ h’a’r bir sheshimi boyınsha anıqlanadı. Olarg’a ajıratılgan maydan anıqlang’annan keyin, olardın’ ko’rgen zıyanları anıqlanadı.

Olar tolıq ko’lemde buzılg’an islep shıg’arıwdı tiklew ushın zaru’r da’wir esabına jog’atılg’an paydanı da qosıp qaplanıwı kerek. Qa’rejetti zıyan ko’rgen jerden paydalanıwshılar aladı.

Jerlerdi satıp alıwda jerden paydalanıwshılardın’ zıyanları, olardın’ tolıq tu’rdegi mug’darında qaplanadı. To’mendegilerdin’ bah’aları qaplanıwı kerek:

- u’y-jay binaları;
- turmıs maqsetlerine mo’lshellengen obektler, islep shıg’arıw h’a’mde basqa bina h’a’m imaratlar yaki olardı jan’adan basqa orınlarg’a ko’shiriw boyınsha qa’rejetler;
- miyweli terekler h’a’mde basqa qurılıslar.

Sıpatı jaman bolg’an jerlerdi tiklew boyınsha zıyanlar joybar h’u’jjetlerinen kelip shıg’ıp anıqlanadı h’a’mde o’z ishine arnawlı izertlewler h’a’m analizler jerlerdin’ sapasın tiklew boyınsha ila’jlar mug’darın aladı.

Jog’altılg’an jer, paydası az buzılg’an orınlarda islep shıg’arıwdı tiklew ushın ma’lim bir da’wirde jerlerden alınatugın jıllıq da’ramat alınıwının’ toqtawı menen baylanıslı boladı. Bul sol da’ramat mug’darında bir ma’rte qaplanadı.

Ha’r jılg’ı da’ramad islep shıg’arıwdın’ ko’lemi boyınsha natural ko’rsetkishlerde h’a’mde jerlerdi alıw waqtındag’ı h’a’rekettegi bah’alarda esaplanadı.

Esaplang’an zıyanlar h’a’m qa’rejetler ma’pdar ta’repler menen kelisiledi, kelip shıkqan kelispewshilikler sud organında sheshiledi.

10-keste

Awıl xojalıg'ı (fermer xojalıqları) ko'retug'ın zıyan mug'darların anıqlaw

| T/n | Jerden paydalanıwshılar (fermer xojalıqları) | Egin tu'rleri | Maydanı, ga | O'nimdarlıg'ı, ts/ga | Jalpı o'nim, t | Satılatug'ın o'nim, m.sum | Zıyan mug'darı, mın'.sum | jog'altılg'an payda, m.sum | 2 jıl dawamında |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| I-sheshim | | | | | | | | | |
| 1 | İbroxim buxgalter f/x | Su'r.jer | 0,5 | 25,2 | 1,3 | 267,8 | 13,4 | 26,8 | 2 |
| 2 | «Shoraxan» OFY Hokimiyat zaxirasi | Su'r.jer | 3,0 | 25,2 | 7,6 | 1565,6 | 78,3 | 156,6 | 2 |
| 3 | Twrtkulli Doniyar-Nortoy f/x | Su'r.jer | 5,0 | 25,2 | 12,6 | 2595,6 | 129,8 | 259,1 | 2 |
| | Ja'mi: | | 8,5 | 25,2 | 21,5 | 4429,0 | 221,5 | 443,0 | 2 |
| II-sheshim | | | | | | | | | |
| 1 | İbroxim buxgalter f/x | Su'r.jer | 6,8 | 25,2 | 2,1 | 267,8 | 14,5 | 29,0 | 2 |
| 2 | «Shoraxan» OFY Hokimiyat zaxirasi | Su'r.jer | 5,4 | 25,2 | 8,4 | 1565,6 | 65,2 | 130,4 | 2 |
| 3 | Twrtkulli Doniyar-Nortoy f/x | Su'r.jer | 3,2 | 25,2 | 13,8 | 2595,6 | 97,3 | 194,6 | 2 |
| | Ja'mi: | | 15,4 | 25,2 | 24,3 | 4429,0 | 177 | 354,0 | 2 |

## III.2 Joybardı ekologiyalıq tiykarlaw

Ekologiyalıq jag'dayına keletug'ın bolsaq O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyasın (1992 j) XXI bap 100-statyasında jergilikli ma'mleketlik h'a'kimiyatlar territoriyalarda sotsiallıq ekonomikalıq h'a'm ma'deniy rawajlandırıw; qorshag'an ortalıqtı qorg'aw; normativ h'u'jjetlerdi qabıl qılıw h'a'mde usı statya mazmunınan kelip shıqqan ta'rizde jer resursları ma'mleketlik komitetinin' nızamında rayon h'a'kimiyatlarının' jer mu'na'sebetlerin ta'rtipke salıw, jerden paydalanıwdı ma'mleketlik qadag'alaw ma'seleleri boyınsha wazıypaları belgilengen.

Awıl xojalıg'ınan basqa tarmaqlar ka'rxanaları sanaat, transport, ta'biyattı qorg'aw, qalalar qurılısı, energetika h'a'm basqa da tarmaqlar ka'rxanalarına bo'linedi. Bunday ka'rxanalar jerleri olardın' iskerligi ushın ta'biyiy fundament sıpatında xızmet qıladı. Bunday jerden paydalanıwshılar ko'pshilik jag'daylarda awıl xojalıg'ı jerlerine h'a'r qıylı formada kirip keledi yamasa olardı uzın polasalar tu'rinde kesip o'tedi. Ko'pshilik jag'dayda olar awıl xojalıg'ı o'ndirisinin' buzılıwına alıp keledi, jer iyeliklerinin' qayta sho'lkemlestiriliwine za'ru'rlilik keltirip shıg'aradı. Bunnan tısqarı ajıratılg'an uchastkalarda jaylastırılg'an h'a'r qıylı obektler a'tirapındag'ı aymaqqa unamsız ta'sir ko'rsetiwi de mu'mkin. Olar awıl xojalıg'ınan parq etip o'zlerinin' klassifikatsiyaları boyınsha h'a'r qıylı, al olardı sho'lkemlestiriw bolsa, o'zine ta'n o'zgesheliklerge iye.

Biraq, barlıq jag'daylarda da jer maydanın ajıratıwda to'mendegilerdi esapqa alıw za'ru'r:

1) jerden paydalanıw o'lshemlerin h'a'm onı jaylastırıwdı obekttin' ishki du'zilisine h'a'm wazıypalarına sa'ykes tu'rde joybarlaw;

2) xalıq xojalıg'ı na'tiyjeliligi ko'z qarasınan en' jaqsı joybarlıq sheshimdi anıqlaw ushın onı bir neshe variantta esaplaw

3) Ajıratılıp atırg'an jerlerdin' sotsial-ekonomikalıq h'a'm ekologiyalıq qunı esapqa alınadı.

Jol qurılısı ushın jer ajıratqanda olardın' a'tirapındag'ı xojalıqlardın' o'ndirisine h'a'm jerden paydalanıwına unamsız ta'siri teren' u'yrenilip shıg'ıladı. Ko'pshilik qurılıslar ushın jer ajıratıwdın' tastıyıqlang'an o'lshemleri boladı. Sonlıqtan olardın' jer maydanların qısqartıwdın' birden-bir jolı ilajı bolg'anınsha qısqa aralıqlar boyınsha jaylastırıw bolıp tabıladı. Jer sarpın kemeytiw maqsetinde ko'pshilik jag'daylarda bir neshe sızıqlı obektler birgelikte qosılıp jaylastırılıwı joybarlanadı. Mısalı, jol menen birge elektr liniyaları, telefon h'a'm basqada komunikatsiyalar birgelikte jaylastırılıwı mu'mkin.

Rayon h'a'kimiyatları jer iyeleri, jerden paydalanıwshılar ta'repinen, jer resurslarınan u'nemli paydalanıw, topıraq eroziyasına qarsı ila'jlardı a'melge asırıwdı tolıg'ı menen qadag'alap baradı. Rayon h'a'kimiyatları jer du'ziw ila'jların basqaradı h'a'm ma'mleketlik kadastr xızmetlerinin' islerin tolıg'ı menen qanaatlandıradı.

To'rtkul tog'ay xojalıg'ı aymag'ınan Arqa-Batıs xalıqaralıq h'a'm ma'mleketlik a'h'miyettegi avtomobil jolların saqlawg'a qa'niygelestirilgen on'law, paydalanıw ka'rxanasına A-380 «Guzar-Buxara-No'kis-Beynew» avtomobil jolının' 581-596 km aralıg'ında qayta on'law h'a'm jol qurılısına topıraq h'a'm qum kareri ushın ajıratılıp atırg'an 28,0 ga maydanda o'simlik du'nyasına keltiriletug'ın zıyanı to'mendegishe:

11-keste

| Ja'mi maydan (ga) | 1 ga o'simlik du'nyası balans mug'darı (mın' sum) | Ja'mi mug'darı (mın' sum) |
|---|---|---|
| 28,0 | 434,152 | 12156,256 |

Ja'mi: On eki million bir ju'z eliw altı mın' sumdı quraydı.

Awıl xojalıg'ı emes ka'rxanalarg'a jer ajıratıwda jerlerdi qorg'aw o'zine ta'n o'zgesheliklerge iye.

# J U W M A Q L A W

Pitkeriw qa’nigelik jumısının’ tiykarg’ı maqseti awil xojalig’i emes ka’xanalar ushin jer ajiratiw joybarin orınlaw h’a’m jer esabın ju’rgiziwdi, sonın’ menen birge onı ekonomikalıq h’a’m ekologiyalıq tiykarlawdan ibarat bolıp jumısta kerekli na’tiyjelerge erisildi..

Pitkeriw qa’nigelik jumısında To’rtku’l rayoni aymag’ınan o’tiwshi «Guzar-Buxara-No’kis-Beynew» avtomagistralin qayta on’law ha’m jol qurilisina topıraq h’a’m qum kareri ushin jer maydanın ajiratiw joybari tayarlandı.

Bunda to’mendegi jumıslar a’melge asırıldı:

- Pitkeriw qa’nigelik jumısın obekti sıpatında tan’lang’an aymaqtın’ ta’biyiy h’a’m ekonomikalıq sharayatları, jerden paydalanıw jag’dayları u’yrenildi h’a’m analizlendi;
- avtomagistral jollardi qayta on’law ha’m jol qurilisina topıraq h’a’m qum kareri ushın jer maydanın ajiratiw joybari jobası islendi;
- avtomagistral jollardı qayta on’law h’a’m jol qurilisina topıraq h’a’m qum kareri ushın ajıratılıp atırg’an jer maydanının’ salıstırma maydanı h’a’m jaylasqan ornı anıqlandı;
- avtomabil jollardı qayta on’law h’a’m jol qurilisina topıraq h’a’m qum kareri ushın jer maydanı tan’landı;
- yuridikalıq h’u’jjetlerdin’ ra’smiylestirilgen formaları menen tanısıldı;
- joybar ekonomikalıq h’a’m ekologiyalıq ko’z qarastan tiykarlandı;
- avtomobil jollardı qayta on’law h’a’m jol qurilisina topıraq h’a’m qum kareri ushın jer maydanın ajıratıwda ko’riletug’ın zıyanlar mug’darı esaplap shıg’ıldı;
- joybar ekologiyalıq jaqtan tiykarlandı;
- joybar ekonomikalıq h’a’m ekologiyalıq jaqtan eki sheshimde tiykarlandı.

Joybar tolıq a’melge asırılg’annan keyingi yag’nıy jerden paydalanıwshıg’a onnan paydalanıw h’uqıqların beriwshi yuridikalıq h’u’jjetler tolıq tu’rde ra’smiylestirildi h’a’m subektke tapsırıwga shekemgi protses u’yrenildi.

## O’mir qa’wipsizligi

O’zbekstan Respublikası Joqarı ha’m orta arnawlı bilim minisitrligi, puqaralıq qorg’anıwdın’ baslıg’ı A.Parpievtin’ 28.10.2008 j. №318 sanli buyrıg’ı ha’m universitet İlimiy Ken’esi (12.11.2008 j, №2 is qag’azı) qararı tiykarında tayarlang’an universitet rektoratı buyrıg’ına (13.11.2008 j. №120 D/1, §4) tiykarlanıp «O’mir qa’wipsizligi» pa’nin barlıq ta’lim bag’darları boyınsha talabalarg’a oqıw protsessinde u’yretiw ushın, magistr dissertatsiyasın ha’m bakalavr qa’nigelik pitkeriw jumısın orınlawda pa’nnin’ huqıqıy tiykarları kirgizildi.

“Ja’miyette puxaralardın’ huqıqları ha’m erkinliklerin qorg’aw ta’miyinlengende ol haqıqıy, huqıqıy puxaralıq ja’miyet boladı. Ha’r bir adam o’z huqıqların anıq biliwi olardan paydalana alıwı, o’z huqıqı ha’m erkinliklerin qorg’ay alıwı lazım. Bunın’ ushın da’slep ma’mleketimiz xalqının’ huqıqıy ma’deniyatın asırıw za’ru’r” (Karimov. O’zbekstan XXI a’sirge umtılmaqta, 31-b).

XX a’sirdin’ 60–jıllarınan baslap is ju’rgizip kelgen puxaralıq qorg’anıw sistemasının’ tiykarg’ı wazıypası tınıshlıq da’wirinde ha’m urıs jag’dayında ma’m-leket xalqın jalpı qırg’ın quralları ha’m basqa xu’jim qurallarınan qorg’aw, urıs jag’dayında xalıq xojalıg’ı obektlerinin’ turaqlı islewin ta’miyinlew ha’mde apatshılıq oshaqlarında qutqarıw ha’m tiklew jumısların o’z waqtında na’tiyjeli a’melge asırıwdan ibarat edi.

Biraq xalıq o’mirine tek jalpı qırg’ın quralları emes, ba’lkim basqa qa’wip–qa’terlerde qa’wip salmaqta, olardı na’zerden shette qaldırıw hasla mu’mkin emes. Bular ta’biyiy, texnogen ha’m ekologiyalıq qa’siyetli ayrıqsha jag’daylar bolıp tabıladı.

90–jıllarg’a kelip yadro urısı qa’wipi kemeyip, biologiyalıq qurallardan paydalanıw sheklep qoyıldı, jan’a – zamanago’y qural tu’rleri oylap tabıldı, olar adamlar ushın qa’wipli bolmay, ba’lki ekonomikalıq obektlerdi isten shıg’arıwg’a qaratılg’an edi. Bulardın’ barlıg’ı puqaralıq qorg’anıw sisteması ornında jan’a bir sistema du’ziliw kerekligin da’llilep berdi.

Puqaralıq qorg’anıw ornın iyelewi mu’mkin bolg’an iri ko’lemdegi ayrıqsha jag’daylarg’a a’welden tayarlıqtı ta’miyinlewshi jan’a arnawlı ma’mleket sisteması iyelewi, ol tınıshlıq ha’mde urıs da’wirinde xalıqtı ha’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’awı lazım edi. Bul sistema xalıqtı ayrıqsha jag’daylardan

qorg'aw ha'm qutqarıw jumısların o'tkerip qoymay, basqa a'hmiyetli ilajlardı: ta'biyiy apatlardan qa'wipli aymaqlar kartaların du'ziw, seysmikalıq bekkem bina ha'm imaratlardı qurıw, qısqa, orta ha'm uzaq mu'ddetli boljaw jumısların sho'lkemlestiriwi ha'm xalıq tayarlıg'ın a'melge asırıwı lazım edi.

Usı orında ja'ne bir ma'seleni aydınlastırıp alıwg'a tuwra keledi. Ayrıqsha jag'day degen ne, onnan xalıqtı ha'm aymaqlardı qorg'aw degende neni na'zerde tutıwımız kerek?

Ayrıqsha jag'day – adamlar qurban bolıwı, olardın' den sawlıg'ı yaki qorshag'an ortalıqqa zıyan tiyiwi, materiallıq shıg'ınlar keltirip shıg'ılıwı ha'mde adamlardın' turmıs sharayatının' izden shıg'ıwına alıp keliwi mu'mkin bolg'an yaki alıp kelgen avariya, apatshılıq, qa'wipli ta'biyg'ıy ha'diyse yaki basqa ta'biyiy apatshılıq na'tiyjesinde belgili bir aymaqta ju'zege kelgen jag'day.

**Xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw** – ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw ha'm olardı saplastırıw ilajları, usılları, qurallar sisteması, ha'reketler birlesigi.

**Ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw** – aldın ala o'tkerilip, ayrıqsha jag'daylar ju'z beriwi qa'wipin mu'mkinshiligi bolg'ansha kemeytiwge, bunday jag'daylar ju'z bergen ta'g'dirde bolsa adamlar den sawlıg'ın saqlaw, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa tiyetug'ın zıyan ha'm materiallıq shıg'ınlar mug'darın kemeytiwge qaratılg'an ilajlar kompleksi.

**Ayrıqsha jag'daylardı saplastırıw** – ayrıqsha jag'daylar ju'z bergende o'tkerilip, adamlar o'miri ha'm den sawlıg'ın saqlaw, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa tiyetug'ın zıyan ha'm materiallıq shıg'ınlar mug'darın kemeytiwge, sonday – aq ayrıqsha jag'daylar ju'z bergen zonalardı shen'berge alıp, qa'wipli faktorlar ta'sirin toqtatıwg'a qaratılg'an avariya – qutqarıw jumısları ha'm basqa keshiktirip bolmaytug'ın basqa jumıslar kompleksi.

Xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında qoyılg'an en' tiykarg'ı jumıslardın' biri–da'slep Qorg'anıw ministrligi qasında puqaralıq qorg'anıw ha'm ayrıqsha jag'daylar basqarmasının', son' usı basqarma tiykarında **O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' 1996 jıl 4 marttag'ı PF–1378 Buyrıg'ı** menen Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' du'ziliwi boldı.

Ministrlik is ju'rgize baslag'annan son' xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawının' huqıqıy tiykarın du'ziwshi bir qatar nızam ha'm qararlar qabıl etildi.

***O'zbekstan Respublikası nızamları:***

**Xalıqtı ha'm aymaqlardı ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 5 bo'lim ha'm 27 statyadan ibarat. Nızam xalıqtı ha'm aymaqlardı ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawındag'ı sotsial mu'na'sibetlerdi ta'rtipke saladı ha'm ayrıqsha jag'daylar ju'z beriwi ha'm rawajlanıwının' aldın alıw, ayrıqsha jag'daylar keltiretug'ın shıg'ınlardı azaytıw ha'm ayrıqsha jag'daylardı saplastırıwdı maqset etip qoyadı.

**Puxaralıq qorg'anıw haqqında** (2000 jıl 26 may) – 4 bo'lim ha'm 23 statyadan ibarat. Usı nızam puxaralıq qorg'anıw tarawındag'ı tiykarg'ı wazıypalardı, olardı a'melge asırıwdın' huqıqıy tiykarların, ma'mleket organlarının', birlespe ha'm sho'lkemlerdin' wa'killiklerin, O'zbekstan Respublikası puxaralarının' huqıqları ha'm ma'jbu'riyatların, sonday – aq puxaralıq qorg'anıw ku'shleri ha'm quralların belgileydi.

**Adamnın' immunitet jetispewshiligi virusı menen keselleniwinin' aldın alıw haqqında** (1999 jıl 19 avgust) – 13 statya. Nızamda AİJS kesellliginin' aldın alıw tarawındag'ı ma'mleketlik ta'miyinlew, keselliktin' aldın alıw boyınsha jumıslardı qarjı menen ta'miyinlew, puxaralardın' ha'm ma'jbu'riyatlarına tiyisli ma'seleler ko'rsetilgen.

**Gidrotexnika inshaatlarının' qa'wipsizligi haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 15 statya. Usı nazımnın' maqseti gidrotexnika inshaatların joybarlastırıw, qurıw, paydalanıwg'a tapsırıw, olardan paydalanıw, olardı rekonstruktsiya qılıw, tiklew, konservatsiyalaw ha'm tamamlawda qa'wipsizlikti ta'miyinlew boyınsha iskerligin a'melge asırıwda ju'zege keletug'ın mina'sibetlerdi ta'rtipke salıw bolıp tabıladı.

**Awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler ha'm jabayı ot - sho'plerden qorg'aw haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 28 statya. Usı nazımnın' maqseti awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler ha'm jabayı ot - sho'plerden qorg'awdı ta'miyinlew, o'simliklerdi qorg'aw qurallarının' adam den sawlıg'ına, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa zıyanlı ta'sirinin' aldın alıw menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

**Radiatsiyalıq qa'wipsizlik haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 5 bo'lim ha'm 28 statyadan ibarat. Nızamnın' maqseti radiatsiyalıq qa'wipsizlikti, puxaralar o'miri, den sawlıg'ı ha'm mal – mu'lki, sonday – aq, qorshag'an ortalıqtı ionlastırıwshı nurlanıwdın' zıyanlı ta'sirinen qorg'awdı ta'miyinlew menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

**Terrorizmge qarsı gu'res haqqında** (2000 jıl 15 dekabr) – 6 bo'lim ha'm 31 statyadan ibarat. Usı nızamnın' maqseti terrorizmge qarsı gu'res tarawındag'ı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat. Nızamnın' tiykarg'ı wazıypaları shaxs, ja'miyet ha'm ma'mlekettin' suverenitetin ha'm aymaqlıq pu'tinligin qorg'aw puxaralar tınıshlıg'ı ha'm milliy tatıwlıqtı saqlawdan ibarat.

**Qa'wipli islep shıg'arıw obektlerinin' sanaat qa'wipsizligi haqqında** (2006 jıl 28 sentyabr) – 23 statya. Nızamnın' maqseti qa'wipli islep shıg'arıw obektlarinin' sanaat qa'wipsizligi tarawındag'ı qa'tnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

***O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' qararı:***

**Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw ha'm jer ko'shkisi ha'diyseleri menen baylanıslı ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw ha'm olardın' aqıbetlerin toqtatıw barısındag'ı – ilajlar haqqında** (2007 jıl 19 fevral, PQ – 585 – sanlı). Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw ha'm jer ko'shki ha'diyseleri menen baylanıslı jumıslardı o'z waqtında ha'm na'tiyjeli sho'lkemlestiriw, sonday–aq olardın' aqıbetlerin tezlik penen toqtatıw maqsetinde qabıl etilgen.

***O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' qararları:***

**O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' jumısın sho'lkemlestiriw ma'seleleri haqqında** (1996 jıl 11 aprel, 143 – sanlı). Qararg'a «O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylar haqqında»g'ı Nızam qosımsha etilgen. Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' tiykarg'ı wazıypaları, huqıqları keltirilgen.

**O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylarda olardın' aldın alıw ha'm ha'reket etiw ma'mleketlik sisteması haqqında** (1997 jıl 23 dekabr, 558 - sanlı). Qarar menen O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylarda olardın' aldın alıw ha'm ha'reket etiw ma'mleketlik sisteması (AJMS) haqqındag'ı Nızam ha'm onın'

du'zilisi tastıyıqlang'an, ministrlik ha'm idaralardın' xalıq ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw boyınsha funktsiyaları keltirilgen.

**O'zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag'daylardan qorg'awg'a tayarlaw ta'rtibi haqqında** (1998 jıl 7 oktyabr 427 – sanlı). Qarar ma'mleket xalqın ha'm aymaqların ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw sistemasın rawajlandırıw maqsetinde qabıl etilgen. Qararg'a qosımsha keltirilgen «Xalıqtı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında tayarlaw ta'rtibi haqqında»g'ı Nızam O'zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında, sonday – aq ayrıqsha jag'daylarda ha'reket etiwge tayarlıqtan o'tip atırg'an xalıq toparların tayarlawdın' tiykarg'ı wazıypaların, tu'rleri ha'm usılların belgileydi.

**Ta'biyiy, texnogen ha'm ekologiyalıq qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardın' sıpatlaması haqqında** (1998 jıl 27 oktyabr, 455 – sanlı). Qarar menen tastıyıqlang'an sıpatlamag'a muwapıq ayrıqsha jag'daylar ju'zege keliw sebeplerine ko're texnogen, ta'biyiy ha'm ekologiyalıq qa'siyetli, usı jag'daylarda zıyan kergen adamlar sanına, materiallıq zıyanlar mug'darına ha'm ko'lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika ha'm transsshegaralı tu'rlerge bo'linedi.

**O'zbekstan Respublikasında adamlar ha'm haywanlardın' qutırıw keselligine qarsı gu'resti ku'sheytiw ilajları haqqında** (1996 jıl 18 yanvar, 32 – sanlı). Adamlar ha'm haywanlardın' qutırıw keselligine qarsı gu'res ilajlarının' na'tiyjeligin asırıw, sonday – aq xalıq jasaw orınlarında iyt, pıshıq ha'm basqa u'y haywanların ta'rtipke salıw maqsetinde qabıl etilgen.

**G'alaba xalıqlıq ilajlardı o'tkeriw qag'ıydaların tastıyıqlaw haqqında** (2003 jıl 13 yanvar, 15 – sanlı). O'zbekstan Respublikası aymag'ında g'alaba xalıqlıq ilajlar o'tkeriliwi waqtında ja'ma'a't qa'wipsizligin ta'miyinlew ha'm ta'rtibin qorg'aw maqsetinde qabıl etilgen.

**Ayrıqsha jag'daylardı boljaw ha'm aldın alıw Ma'mleket da'stu'rin tastıyıqlaw haqqında** (2007 jıl 3 aprel, 71 – sanlı). Ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw ha'm aqıbetlerin saplastırıw tarawında alıp barılıp atırg'an jumıslar o'nimliligin asırıw maqsetinde qabıl etilgen.

Joqarıda ko'rsetilgen huqıqıy hu'jjetler tiykarında oqıw protsessinde talabalarg'a "O'mir qa'wipsizligi" pa'ninin' barlıq bag'darları boyınsha ken' ma'niste tu'sinikler berildi.

**PAYDALANILG’AN A’DEBIYaTLAR DIZIMI**


1. O’zbekstan Respublikasinin’ Konstitutsiyasi. T.: O’zbekistan, 2008.
2. I. Karimov. Jah’on moliyaviy inqirozi O’zbekston Respublikasi sharoitida uni bartaraf etishning yo’llari va choralari. T.: O’zbekiston, 2009.
3. İ. Karimov O'zbekston bozor munosabatlariga o'tishning o'ziga xos yo'li. T.: O'zbekston, 1993 y, 11 b.
4. İ. Karimov Deh’qonchilik taraqqiyoti- farovonlik manbai. T.: O'zbekiston, 1994, 72 b.
5. I. A Karimov O’zbekiston iqtisodiy islohotlarni chuqurlashtirish yo’lida. T.: O’zbekiston, 1995, 269 b.
6. İ. Karimov O'zbekston Respublikasi XXI asrga intilmoqda. (Birinchi chaqiriq chaqiriq O'zbekston Respublikasi Oliy Majlisining o'n to'rtinchi sessiyasidagi maruzasi, 1999 yil 14-aprel). T.: O'zbekston , 1997, 4b.
7. İ. Karimov İqtisodiyotni erkinlashtirish va isloh’otlarni chuqurlashtirish vazifamiz. (Xalq so'zi. 15-fevral 2000 y №32).
8. Karimov I.A. «Yuksak manaviyat – engilmas kuch»- T,: Manaviyat 2008.
9. 4. Karimov I.A «2012-jıl Watanımızdın’ rawajlanıwın jan’a basqıshqa ko’teretug’ın jıl boladı», Erkin Qaraqalpaqstan, 2012-jıl,21-yanvar, 9-10 sanı
10. O’zbekstan Respublikasinin’ «Yer kodeksi» T.: O’zbekiston, 1998.
11. O’zbekston Respublikasinin’ Jer kadastri haqqindag’i ma’mleketlik nizami T.: O’zbekistan, 1998.
12. Qishloq xo’jaligida islohotlarni chuqurlashtirishga doir qonun va me’yoriy h’ujjatlar to’plami. (I va II qismlar). T.: Sharq, 1998.
13. Avezbaev S. Volkov S.N «Er tuzishni loyih’alash» Darslik. T.: Yangi asr avlodi, 2004.
14. Avezbaev S. Volkov S.N «Er tuzish iqtisodi» Darslik. T.: Yangi asr avlodi, 2004.

15. Bobojonov A. R, Denisov V.V, Rah’imov E.R «Sug’oriladigan erlardan foydalanish va ularni bah’olash» T.: O'zdaverloyih’a, 1992
16. Talipov R. A «O'zbekston Respublikasining er kadastri» T.: O'zdaverloyih’a, 1994
17. Er munosabatlarini tartibga solishga doir meyoriy h’ujjatlar to'plami, 1-2 tom, T.: 1997.
18. M. Rustamboev va boshqalar «Er h’uquqi» Darslik, T.: TDYuİ, 2002.
19. «Yer tuzishda iqtisodiy-matematik modellar» Shodmonova G., Abdullaev X. O’quv qo’llanma. T.: 2007.
20. Землеустроительное проектирования.
21. Землеустроительное проектирования и оганизация землеустроительных работ. www. prom. Kz
22. Управление земельных ресурсов и землеустроиства и территориального планирования. www. kadastr. ru

Qosimsha 1-keste

Qaraqalpaqstan Respublikası To’rtku’l rayonı jerlerinin’ topıraq kartası eksplikatsiyası

| Topıraq ayırmaları | Mexanikalıq quramı | | | Gumus | | Ha’rekttshen ' mg/kg esap. | | Shorlanıw | | | | Da’rejesi | | | Shuqırlıg’ı, sm | | | | Ekspozitsiya | qıyalıq | Maydanı, ga | | Bonitet ballı |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 0-30 | 30-100 | 100-200 | Katlam kalinlig'i, sm | % | $P_2O_5$ | $K_2O$ | Da’rajesi | Quruk Qaldıı | CI | $SO_4$ | juwılıw | Tfs aralasqan | tıg'ızlıg'ı | Shagal | Gley | Gips | Jer astı suwı | | | Ulıwma | Suwg. a/x jerleri | |
| **Qatlamlı allyuvial jatqızıqlardan ibarat bolg’an qa’dimgi A’miwda’rya deltasının’ jatqızılg’an tegisligi. Suwg’arılatug’ın otlaqı topıraqlar** | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 1 | Orta qumaqlı | jen’il, awır kumaklar | qumlaqlar | 28 | 1,07 | 34 | 190 | kem shorlang’an | 0,51 | 0,08 | 0,21 | | | | | | | 100 | | qubla | 21,2 | 18,2 | 69 |
| 2 | orta qumaqlı | jen’il qumaqlar | Orta qumaklar | 31 | 1,07 | 16 | 190 | kem shorlang’an | 0,42 | 0,09 | 0,14 | | | | | | | 102 | | garb | 24,7 | 23,2 | 65 |
| 3 | orta qumaqlı | jen’il qumaqlar | qumaqlar | 31 | 1,84 | 14 | 124 | kem shorlang’an | 0,56 | 0,07 | 0,22 | | | | | | | 98 | | shıg’ıs | 165,8 | 117,1 | 62 |
| 4 | orta qumaqlı | jen’il awır qumaqlar | qumaqlar | 28 | 0,87 | 11 | 36 | urta shorlang’an | 1,17 | 0,06 | 0,16 | | | | | | | 87 | | qubla | 112,7 | 43,8 | 42 |
| 5 | Jen’il qumaqlı | orta kumoklar, qumlaqlar | jen’il qumaqlar | 28 | 1,08 | 11 | 120 | kem shorlang’an | 0,47 | 0,07 | 0,18 | | | | | | | 108 | | shıg’ıs | 558,0 | 364,4 | 69 |
| 6 | Jen’il qumaqlı | orta qumaqlar | qumlaqlar | 28 | 0,79 | 12 | 120 | kem shorlang’an | 0,44 | 0,04 | 0,20 | | | | | | | 99 | | shıg’ıs | 131,8 | 101,6 | 61 |
| 7 | Jen’il qumaqlı | orta kumoklar, qumlaqlar | jen’il qumaqlar | 29 | 1,07 | 16 | 121 | orta shorlang’an | 1,53 | 0,35 | 0,48 | | | | | | | 110 | | qubla | 361,2 | 211,8 | 57 |
| 8 | qumaqlı | jen’il qumaqlar | orta qumaqlar | 29 | 0,88 | 13 | 160 | orta shorlang’an | 1,62 | 0,35 | 0,58 | | | | | | | 98 | | shıg’ıs | 58,3 | 30,1 | 40 |
| 9 | qumaqlı | jen’il orta qumaqlar r | jen’il qumaqlar | 28 | 0,89 | 16 | 34 | orta shorlang’an | 1,13 | 0,10 | 0,55 | | | | | | | 101 | | batıs | 177,1 | 77,3 | 38 |

| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Suwg’arılatug’ın batpaq – otlaqlı topıraqlar** | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 10 | orta qumaqlı | jen’il qumaqlar | qumlaqlar | 28 | 0,96 | 24 | 141 | orta shorlang’an | 1,14 | 0,30 | 0,40 | | | | | | | | | shıg’ıs | 800,2 | 225,4 | 38 |
| 11 | jen’il qumaqlı | orta qumaqlar | qumlaqlar | 30 | 1,04 | 39 | 62 | ku’shli shorlang’an | 2,30 | 0,24 | 1,17 | | | | | | | | | shıg’ıs | 722,1 | 151,1 | 42 |
| 12 | Bah’alanmag’an (xalıq jasaw ornı, qabristanlar, qamıslıq basqan batpaqlıqlar, putalıq o’sken jaylawlar h’a’m basqa) jerler | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | 2667,5 | | |
| 13 | Suwlı ju’ze | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | 36,4 | | |
| | Ja’mi; | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | 5837,0 | 1364,0 | |
| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | 54 |